# INFORMATIKA
## HÁM
## XABAR TEXNOLOGIYALARÍ

*Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlemdiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń
6-klass oqıwshıları ushın
sabaqlıq

Qayta islengen, tolıqtırılǵan úshinshi basılımı



TASHKENT — «ÓZBEKISTAN» — 2017

UO‘K 004(075)
KBK 32.81ya72
I-74

Avtorlar toparı:

**B. Boltayev, M. Mahkamov ,**

**A. Azamatov, S. Rahmonqulova**

Pikir bildiriwshiler:

**F.M. Zokirova** — Tashkent xabar texnologiyaları universiteti professorı, pedagogika ilimleriniń doktorı;
**X. Komilova** — Tashkent qalası Shayxantohur rayonı 254-ulıwma bilim beriw mektebiniń informatika páni muǵallimi.

## Shártli belgiler:

 — *Soraw hám tapsırmalar*

 — *Shınıǵıwlar*

 — *Úyge tapsırma*

Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.

ISBN 978-9943-01-436-7

© B. Boltayev hám basq., 2009, 2013, 2017
© «O‘ZBEKISTON» BPDÚ, 2009, 2013, 2017

# SÓZ BASİ

*«Perzentlerimiz bizge qaraǵanda bilimli, dana hám álbette baxıtlı bolıwları kerek»*

***I.A. Karimov***

Áziz oqıwshılar! Siz 5-klasta zamanagóy maǵlıwmat texnologiyaları quralların biri bolǵan kompyuterden paydalanıw boyınsha dáslepki kónlikpe hám uqıplarǵa iye boldıńız. Sonıń menen birge, kompyuter — oqıtıw, esaplaw, súwretlew, redaktorlaw, dem alıw hámde maǵlıwmatlar menen islesiw quralı ekenligi haqqında túsinik aldıńız.

Zamanagóy xabar texnologiyaları menen islew boyınsha tolıq kónlikpege iye bolıw hár bir jas áwladqa zárúrli bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, 6-klasta «Informatika» sabaǵında sizlerge zamanagóy kompyuterlerdiń programmalıq támiyinleniwiniń biri bolǵan tekst penen islesiw programmalarınıń wazıypaları hám imkaniyatları haqqındaǵı bilimler qızıqlı hám kórgizbeli túrinde beriledi.

Bul sabaqlıq járdeminde tekst payda etiw hám hújjetler tayarlaw, redaktorlaw hám bezew usılların kompyuterde ámelde islep kóriw arqalı úyrenesiz.

Informatika páni sizlerde kompyuter turaqlı kómekshi hám miynetiń izdi jeńillestiriwshi qural ekenligi haqqında pikir qaldırıwı menen birge, óz ámeliy jumısıńızda jańalıqlardıń ashılıwına túrtki bolıp xızmet etedi, dep oylaymız.

Áziz oqıwshılar! Kompyuterde islep izleniwińizde hám izertlewshige aylanıwıńızǵa usı sabaqlıq járdem beredi, dep úmit etemiz.

## 1-sabaq

# TEKST REDAKTORLARÍ

**Áziz oqıwshılar!** Siz klaviaturadan paydalanıw hám onıń járdeminde tekst jazıw imkaniyatı menen 5-klasta tanıstıńız. Jazıw ne ushın kerek degen sorawǵa juwabıńız da tayar, dep oylaymız. Bul sabaqta kompyuter texnikasınıń jazıw ónerine qosqan úlesi hám imkaniyatları haqqında maǵlıwmat beriledi. Jáne sonı da yadta saqlań, iske túsirilgen **programmanıń** monitorda kórinip turǵan bólegi onıń **interfeysi** dep ataladı.

*Gilt sózler:* **jazıw, tekst redaktorları, tekst processorları.**

## JAZÍW TARIYXÍNAN

Tariyxtan belgili bolǵanınday, **maǵlıwmatlardı** saqlawdıń eń áyyemgi usıllarınan biri **jazıw** bolıp esaplanadı. Áyyemgi adamlar jasaǵan úńgirlerdiń diywallarındaǵı súwret hám jazıwlar bunıń anıq dálili bolıp tabıladı. Jazıw óneri ásirler dawamında derlik ózgermegen. Tek ǵana jazıw quralları jetilisip bardı.

| | | | |
|---|---|---|---|
|  |  |  |  |
| Tas diywal | Taslar | Teriler | Papirus |
|  |  |  |  |
| Qaǵaz hám pár | Qaǵaz hám pero | Qaǵaz hám ruchka | Qaǵaz hám mashinka |

Joqarıdaǵı usılda tayarlanǵan súwret yamasa tekstti ózgertiw kerek boldı: ne islew múmkin, qansha waqıt sarıplanadı, qansha miynet sarıplanadı, qárejeti qanday?

## TEKST REDAKTORLARÍ HAQQÍNDA MAGLÍWMAT

Kompyuterdiń islep shıǵılıwı hám rawajlanıwı jazıw ónerin túpten ózgertip jiberdi. Tekstlerdi jazıw, saqlaw, qayta islew, qaǵazǵa basıp shıǵarıw sıyaqlı jumıslardı orınlawǵa mólsherlengen kóplegen programmalar islep shıǵıldı. Bul programmalar, tiykarınan **eki túrge** bólinedi:




Mısalı, dıqqatıńızǵa usınılıp atırǵan bul sabaqlıq ta **tekst processorı**nda jazılǵan bolıp, hár qıylı **súwret**ler, **keste**ler, **reń**ler hám basqa **bezew**lerden paydalanılǵanlıǵın usı temadan da kóriwińiz múmkin.

Hár qıylı markadaǵı kompyuterler ushın hár túrli tekst redaktorları islep shıǵılǵan. Bir markadaǵı kompyuter ushın bir neshe onlaǵan tekst redaktorları islep shıǵılǵan. Mısalı, Windows operaciyalıq sistemasınıń quramına kirgizilgen **Блокнот**, **WordPad** hám t.b. Sonı biliń, **Блокнот**, **WordPad** tekst redaktorları siz 5-klasta úyrengen **Paint** yamasa **Kalkulyator** programmaları sıyaqlı iske túsiriledi.

Tekst redaktorlarınıń atı, interfeysi hár qıyli bolǵanı menen, olarda islew procesi derlik parıqlanbaydı. Tekst redaktorlarınıń tiykarǵı elementleri bolǵan ***jumıs maydanı, júrgish*** hám ***menyu*** tómendegi súwrette kórsetilgen.



***Jumıs maydanı.*** Tekst redaktorı kompyuter ekranında «Jumıs maydanı» dep atalatuǵın arnawlı orın ajıratadı. Jumıs maydanı tekst jazıw ushın bet wazıypasın atqaradı. Kirgizilip atırǵan tekst jumıs maydanında sáwlelenip barıladı.

***Júrgish.*** Klaviaturadan kirgizilip atırǵan belgi jumıs maydanınıń qay jerde sáwleleniwin kórsetip turadı. Júrgish ádette, gorizontal yamasa vertikal sızıqsha kórinisinde boladı.

***Menyu qatarı.*** Arnawlı buyrıqlar hám ámeller toplamı **menyu** dep ataladı. Olar járdeminde tekstlerdi diskten oqıw, diskke jazıw, basıp shıǵarıw sıyaqlı jumıslar ámelge asırıladı.

Tekst redaktorları, tiykarınan, menyui menen bir-birinen parıqlanadı. Menyudegi buyrıq hám ámeller tekst redaktorlarınıń imkaniyatların belgileydi. Olar qansha kóp bolsa, tekst redaktorlarınıń imkaniyatları da sonshelli joqarı boladı.

Barlıq tekst redaktorları tómendegi tiykarǵı wazıypalardı atqaradı:

1. Tekst jazıw ushın jańa fayl payda etiw →
2. Tekstti yadtan oqıw →
3. Tekstti yadta saqlaw →
(basqa atamada, basqa papkada) saqlaw →
4. Tekstti basıp shıǵarıw →
5. Tekstti redaktorlaw (belgiler, sózler, qatarlar, abzaclardıń ornın almastırıw yamasa óshiriw)




**Tekst redaktorları yamasa processorlarında islegende tómendegi atamanı biliw zárúr:**
**Shrift** (nemisshe) — bul álipbe háripleri (mısalı, latın, kirill, arab, grek hám basq.), cifrlar hám hár qıylı belgiler.

Shriftlerdi parıqlawshı ózgesheliklerge tómendegilerdi mısal etiw múmkin.

| Shrift túri | Tekstte sáwleleniwi |
| --- | --- |
|   | Shrift túri - Agency FB<br>Shrift túri - Cambria<br>Shrift túri - Calibri<br>Shrift túri - Snap ITC<br>Shrift túri - Magneto<br>Shrift túri - Freestyle Script<br>Shrift túri - Times New Roman<br>Shrift túri - Edwardian Script ITC |

| Jazıw pishini (Times New Roman shrift túrine sáykes) | Tekstte sáwleleniwi |
|---|---|
| обычный | ápiwayı (обычный) |
| курсив | *qiya (курсив)* |
| полужирный | **qalıń (полужирный)** |
| полужирный курсив | ***qalıń qıya (полужирный курсив)*** |

| Ólshemi | Tekstte sáwleleniwi |
|---|---|
| 8 | Ólchami – 8 |
| 9 | Ólchami – 9 |
| 10 | Ólchami – 10 |
| 11 | Ólchami – 11 |
| 12 | Ólchami – 12 |
| 14 | Ólchami – 14 |

Shriftke tiyisli bul ózgeshelikler **Format** (Формат) menyuiniń **Shrift** (Шрифт) bóliminen tańlanadı.

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Tekst jazıw tariyxı haqqında qısqa maǵlıwmat beriń?
2. Блокнот baǵdarlamasın iske túsiriń hám interfeysi haqqında qısqa maǵlıwmat jazıń.
3. Tekst redaktorlarınıń tiykarǵı wazıypaların aytıp beriń.
4. Tekst redaktorlarınıń tiykarǵı elementlerin aytıń.
5. Windows jumıs stolı menen Блокнот jumıs stolı nesi menen parıqlanadı?
6. Tekst redaktorları hám tekst processorlarınıń imkaniyatları nesi menen parıqlanadı?
7. Tekst redaktorlarında menyu qanday wazıypalardı atqaradı?
8. Блокнот tekst redaktorınıń Файл menyuindegi buyrıqlardıń wazıypasın túsindiriń.
9. Shep baǵanadaǵı atamalardı oń baǵanadaǵı mazmunına logikalıq jaqtan sáykeslerin qoyıń.

| | |
|---|---|
| **Menyu qatarı** | tekstti yadtan oqıw buyrıǵı |
| **Saqlaw** | tekst jazıw ushın bet |
| **Jumıs maydanı** | tekstti yadqa jazıw buyrıǵı |
| **Ashıw** | jumıs maydanında belginiń ornın sáwlelendiredi |
| **Júrgish** | arnawlı buyrıqlar hám ámeller jıynaǵı |

## *SHİNİĠİWLAR*

1. Блокнот tekst redaktorında Watanımız gimniniń birinshi tórtligin bloknot tekst redaktorında jazıń. Tekstti «Watanım Gimni» ataması menen saqlań. Shrift túrin «Cooper» hám shrift ólshemin 16 ólshem birliginde tańlań. Fayldı usı halında saqlań.
2. Блокнот tekst redaktorın iske túsiriń hám «Watanım Gimni» atlı fayldı ashıń. Tekst dawamına Watanımız gimniniń naqıratın jazıń. Format menyuiniń Shrift bólimi járdeminde ózińizge unaǵan tekst kórinisin belgileń. Tańlanǵan kórinistiń artıqmashlıqların túsindiriń.
3. a) Tómendegi tekstti jazıń hám «Tekst» ataması menen saqlań: Tekst — bul mazmunı hám grammatikalıq jaqtan baylanısqan pikirdiń jazba kórinisi. Tekstke kirgizilgen gápler belgili bir tártipte jaylasadı.
   b) tekstti tómendegi kóriniske keltiriw ushın Shrift ózgesheliklerin ózgertiń:

***Tekst — bul mazmunı hám grammatikalıq jaqtan baylanısqan pikirdiń jazba kórinisi. Tekstke kirgizilgen gápler belgili bir tártipte jaylasadı.***

4. Dápterińizge tómendegi sorawlarǵa juwap beriw tiykarında ózińiz haqqıńızda «Ómirbayan» temasındaǵı bes abzaclı tekst jazıń:
   a) atı-familiyańız, qashan hám qay jerde tuwılǵansız;
   b) 1-klasqa qaysı jılı, neshinshi mektepke barǵansız, jasaw mánzilińiz qanday;
   d) házir neshinshi klasta oqıp atırsız, qaysı pánlerge qızıǵasız;
   e) ákeńizdiń atı-familiyası, qashan hám qay jerde tuwılǵan, házir qay jerde islep atır;
   f) anańızdıń atı-familiyası, qashan hám qay jerde tuwılǵan, házir qay jerde islep atır?

**2-sabaq**

# MS WORD TEKST PROCESSORÍ INTERFEYSI

Ana tili sabaǵınan málim bolǵanınday, háriplerden sózler, sózlerden sóz dizbekleri, sóz dizbeklerinen gápler, gáplerden abzaclar, al abzaclardan tekst payda boladı. Sózler óz ara bos orın menen ajıratıladı, gápler noqat, soraw yaki úndew belgisi menen tamamlanadı. Gáptiń dawamı bettiń enine sıymasa jańa qatardıń basına buwınǵa bólip ótkeriledi. Abzaclar, ádette, jańa qatardan belgili bir bos orın qaldırıp baslanadı.

*Gilt sózler:* **tekst processorları, hújjet, format, shrift, sóz, qatar, abzac, tekst.**

## TEKST PROCESSORLARÍ HAQQÍNDA

***Tekst processorları*** teksttiń tek ǵana mazmunı emes, al sırtqı kórinisi de úlken áhmiyetke iye bolǵanda qollanıladı. Mısalı, tekstke hár qıylı súwret hám kesteler jaylastırıw, belgilerdiń ólshemin, reńin hám kórinislerin ózgertiw hám t.b.

Tekst processorları ádette rásmiy hújjetler tayarlawda kóp qollanıladı. Tekst processorı járdeminde tayarlanǵan tekst **hújjet** dep júrgiziledi.

> Hár qıylı tekst processorlarında tekstti bezew ushın hár túrli kodlar qollanıladı. Bunday jaǵdaylarda hújjetler hár qıylı ***formatqa*** iye delinedi. Sol sebepli ***formatlanǵan tekstli hújjetlerdi*** bir tekst processorınan basqasına alıp ótiwge bárqulla múmkin bola bermeydi.

Joqarıda aytılǵanlardı esapqa alıp, tekst kórinisindegi maǵlıwmatlardı qayta islew usılları hám jol-jobaları házirgi kúnde eń jetilisken tekst processorlarınan biri bolǵan Microsoft Office 2010 programmalar paketine kirgizilgen **Microsoft Office 2010** (qısqasha **Word**) tekst processorı mısalında kórip shıǵamız. Ol júdá kóp ámellerdi orınlay alıwı menen basqa tekst processorlarınan ajıralıp turadı. MS Wordta buyrıq hám ámellerdiń kópshiliginiń orınlanıwı **«tıshqan»** járdeminde tańlawǵa tiykarlanǵan.

MS Word bir waqıttıń ózinde bir neshe hújjet penen islew imkaniyatına iye. Hár bir hújjet sizge tanıs bolǵan **ayna**nıń arnawlı jumıs maydanında dúziledi. Aynalardıń ólshemin hám jaylasıw tártibin paydalanıwshı óz qálewine qarap belgilep aladı.

Microsoft Word tekst processorınıń ana tilimizdegi variantı házirshe joq. Sonlıqtan onıń ayırım buyrıq hám kórsetpeleriniń qaraqalpaq tilindegi ańlatpası menen birge qawsırma ishinde orıs tilindegi ańlatpasın berip baramız. Sonıń menen birge, MS Word 2010 baǵdarlamasında buyrıqlardı qaraqalpaq tilinde ańlatıw múmkinshiligi bar ekenligin atap ótiw orınlı.

## MS WORD PROGRAMMANÍ ISKE TÚSIRIW HÁM ONDA JUMÍSTÍ TAMAMLAW

Microsoft Office 2010 programmalar paketiniń MS Word programmasın iske túsiriw úsh usılda ámelge asırılıwı múmkin:

– Máseleler paneline biriktirilgen bolsa, piktogramması járdeminde;

– Windows jumıs stolında payda etilgen bolsa, yarlıgi járdeminde;
– Tómendegi túymelerdi izbe-iz tańlaw járdeminde:

**Пуск → Программы (yaki Все программы) → Microsoft Office → → Microsoft Word 2010**

Word programmasında jumıstı juwmaqlaw ushın piktogrammasın yamasa fayl menyuiniń **Выход,** yaǵnıy **Shıǵıw** buyrıǵın tańlaw yamasa Alt + F4 klavishlerin birgelikte basıw jetkilikli.

## WORD INTERFEYSI

Iske túsirilgende MS Word programması interfeysinde (tomendegi súwret) **bas qatarı** 1, **menyuler qatarı** 2, **lenta** 3, **jumıs maydanı** 4 hám **úskeneler paneli** 5 sáwlelenedi.

Bas qatarında Microsoft Word programmasında islenip atırǵan hújjettiń atı, jumıs barısında júdá kóp qollanılatuǵın túymelerdi ózinde jámley alatuǵın **tez usıl menen islenetuǵın panel** 6 hámde túymeleri sáwlelenedi. Ádette, eger hújjetke atama berilmegen bolsa, baslama qatarında **Документ1 (Hújjet 1)** ataması sáwlelenip turadı.




Menyuler qatarındaǵı hárbir **menyu** ózine tán (tómendegi súwrette shtrix shegaraları tórtmúyeshlik ishinde kórsetilgen) **lenta** menen baylanısqan. **Lenta**lar tekst processorı menen islewde qolaylılıq jaratadı hámde imkaniyat beretuǵın túymelerdi óz ishine alǵan (Paint programmasınıń úskeneler panelin esleń). Ámeliy jumıslardı orınlap atırǵanıńızda, tiykarınan, tómendegi menyuler lentalarınan paydalanasız: **Fayl** (Файл),

**Bas** (Главная), **Jaylastırıw** (Вставка), **Betti belgilew** (Разметка страницы), **Kórinis** (Вид). Jumıs maydanınıń úlkenirek bólegin kóriw zárúr bolsa, ol jaǵdayda 7 túyme járdeminde **lentanı** «jıynap» qoyıwǵa da boladı.

**Lentalar,** óz gezeginde, qollanılatuǵın obyektine hámde wazıypasına sıykes **atama** menen birlestirilgen túymelerdiń **logikalıq topar**larınan ibarat. Mısalı, joqarıdaǵı súwrette súwretlengen **Bas** (Главная) menyu lentası **Буфер обмена, Шрифт, Абзац, Стили** hám **Редактирование** sıyaqlı logikalıq toparlarınan ibarat.

Hárbir menyu hújjet tayarlawda úlken áhmiyetke iye. Mısalı, lentası vertikal baǵıtta sáwlelenetuǵın **Fayl** menyui járdeminde islenip atırǵan hújjet faylı ústinde tómendegi ámellerdi orınlaw múmkin:




- (hújjetti birinshi ret yaki hárekettegini) saqlaw;
- (basqa atama yaki papkada) saqlaw;
- (bar hújjetti) ashıw;
- (hárekettegi hújjetti) jabıw;
- hárekettegi hújjet haqqında maǵlıwmatları;
- aqırǵı (kórilgen hújjetler);
- (jana hújjet) payda etiw;
- (hújjetti) basıp shıǵarıw;
- (hújjetti) saqlaw hám jiberiw;
- maǵlıwmat (alıw);
- (programmanıń) parametrleri;
- (programmadan) shıǵıw.

Jaǵday qatarı (строка состояние) paydalanıwshıǵa hárekettegi bet, hújjettegi barlıq betler sanı, teksttegi sózler muǵdarı, jazıw tili hám taǵı basqalar haqqında maǵlıwmat beredi.

## HÚJJETKE TIYISLI DÁSLEPKI ATAMALAR

Aldıngı sabaqta shrift ataması menen tanısqan edińiz. Tekst processorlarında islegende hújjetlerge tiyisli tómendegi atamalardı biliw kerek.

**Sóz** belgiler izbe-izligi bolıp, olar bir-biri nen probel, noqat, útir,

noqatlı útir, qos noqat, qawsırma, defis, sızıqsha (tire) yamasa tırnaqsha belgisi menen ajıralıp turadı.

**Qatar** – bir sızıqta jazılǵan sózler, háripler yamasa belgiler izbe-izligi. Tekst processorları qatardıń sońında sóz yamasa belgini keyingi qatarǵa avtomat ráwishte ótkeredi.

**Ashıq orın (jiyek)** – bettiń shetindegi taza saqlanatuǵın bólimi.

**Bas qatar** – ashıq orınnan sheginisi bar birinshi qatar.




**Abzac** (nemisshe: teksttiń bólimi) – bas qatarı bolǵan qatarlar izbe-izligi. Abzaclar basqalarınan sheginisi, jazıw stili (usılı, mısalı, ápiwayı, tiykarǵı, teması), intervalı (qatarlar arasınıń keńligi) menen parıqlanıwı múmkin. Jańa abzacqa ótiw yamasa bos qatar qaldırıw ushın Enter klavishi basıladı. Bas qatar haqqında jazılǵan bir gáp te, abzac haqqında jazılǵan bes gáp te abzacqa mısal boladı.

**Tekst** – abzaclar jıyındısı.

**Fragment** (latınsha: bólek) – kórkem óner shıǵarması, teksttiń bólegi.

**Bet** – kitap yamasa dápter betiniń bir tárepi. Tekst processorlarında bet bir baspa qaǵazǵa sáykes keledi.

**Format** (latınsha: pishin beremen) – ólshem, jazıw forması, sızılma kórinisi, intervaldı anıqlaw yamasa basqa kórinis beriw. Joqarıda keltirilgen shrift ózgeshelikleri shrifttiń formatına mısal boladı.

**Microsoft Word programması beretuǵın áhmiyetli qásiyetlerden biri miyrasxorlıq bolıp, keyingi shrift aldıńǵı shriftti, keyingi abzac aldıńǵı abzactı, jańa bet aldıńǵı bet formatların ózinde tolıq saqlap qaladı.**

Tekst processorındaǵı ámellerdiń ayırımları menen **Paint** programması arqalı tanısqan edińiz. Sonıń ushın hesh bir qıyınshılıqsız ámelde qollana alasız. Atama berip saqlanǵan hújjet **Word** programmasında da, ádette, **Paint** programmasındaǵı sıyaqlı **Мои документы** (qısqa ataması **Документы**) papkasında saqlanadı.

## SORAW HÁM TAPSİRMALAR

1. Tekst redaktorlarına salıstırǵanda tekst processorlarınıń artıqmashlıǵı nede?
2. Tekst processorında payda etilgen tekst ne dep ataladı?
3. Word tekst processorınıń iske túsiriw usılların ámelde kórsetip beriń.
4. Word tekst processorınıń interfeysi haqqında qısqasha maǵlıwmat beriń.
5. Word tekst processorınıń bas qatarında neler sáwlelenedi?
6. Word tekst processorınıń Fayl menyui ámellerin túsindiriń.
7. Word tekst processorında lentalar qanday wazıypanı atqaradı?
8. Word interfeysiniń súwretinen shrift, qatar, abzac sıyaqlı túsiniklerge mısallar kórsetiń.
9. Usı sabaqlıqtan shrift, sóz, qatar, ashıq orın, abzac sıyaqlı túsiniklerge mısallar kórsetiń.
10. Word tekst processorındaǵı miyrasxorlıq qásiyeti haqqında aytıp beriń.
11. Word programmasında saqlanǵan hújjet qaysı papkaǵa jaylasadı?

## SHİNİǴİWLAR

1. Shep baǵanadaǵı atamalar túsindirmesin oń baǵanadan anıqlań.

| | |
|---|---|
| **Shrift** | bettiń shetindegi taza saqlanatuǵın bólim |
| **Sóz** | abzaclar jıyındısı |
| **Qatar** | álipbe háripleri, cifrlar hám túrli belgilerdiń kórinisleri |
| **Ashıq orın** | eki tárepten probel menen ajıratılǵan belgilerdiń izbe-izligi |
| **Bas qatar** | bas qatarı bolǵan qatarlardıń izbe-izligi |
| **Abzac** | bir sızıqta jazılǵan sózler, háripler yaki belgilerdiń izbe-izligi |
| **Tekst** | ashıq orınnan sheginisi bolǵan qatar |

2. Noqatlardıń ornına oń bağanadağı belgilerden durısın tawıp qoyıń.

| | |
|---|---|
| Word máseleler panelindegi ... piktogramması járdeminde iske túsedi |  |
| Word Windows jumıs stolındağı ... yarlıgi járdeminde iske túsedi |  |
| Word programmasında jumıstı juwmaqlaw ushın ... piktogramması tańlanadı |  |

3. a) tómendegi tekstti jazıń hám «Abzac» ataması menen saqlań: «Gápler tek tema menen ğana emes, al tiykarğı ideyası menen de birlestiriledi. Bir pikir haqqındağı bir neshe gáp óz aldına abzac kórinisinde ańlatıladı»;
b) teksttiń birinshi gápinde neshe shrift hám sóz bar ekenin anıqlań;
d) tekstti tómendegi kóriniske keltiriw ushın Shrift ózgesheliklerin ózgertiń:

**Gápler tek tema menen ğana emes, al tiykarğı ideyası menen de birlestiriledi. Bir pikir haqqındağı bir neshe gáp óz aldına abzac kórinisinde ańlatıladı.**

4. Úyde tayarlanğan «Ómirbayan» temasındağı bes abzaclı tekstińizdi Word tekst processorında jazıń. Ana tilindegi abzac túsinigi menen Wordtağı abzac atamasın salıstırıń. Hújjetti «Ómirbayan» ataması menen saqlań.
5. Tómendegi sorawlarğa juwap bergen halda dápterińizge mağlıwmat jazıń:
a) ájağańız, úkeńiz, ájapańız, qarındasıńızdıń (sińlińizdiń) atı, familiyası, olar qashan hám qay jerde tuwılğan, házir qay jerde islep atır yamasa oqıp atır; b) pánlerden alğan bahalarıńız.

## 3-sabaq
## HÚJJET PAYDA ETIW HÁM SAQLAW

Wordta tekstti payda etiw hám saqlawdıń usılları kóp bolıp, olar jağdayğa qarap qollanıladı. Bul usıllardı eslep qalıwıńız ushın az ğana shınığıwıńız jetkilikli.

*Gilt sózler:* **hújjet payda etiw, klaviatura jağdayları, hújjetti saqlaw.**

# HÚJJET PAYDA ETIW

Tekstli hújjet tayarlaw ushın, dáslep, jańa bet (jumıs maydanı) payda etiledi. Microsoft Word tekst processorında jańa bet payda etiw, mısalı, tómendegilerden biri tiykarında ámelge asırılıwı múmkun:

1) iske túsirilgen programma Документ1 ataması menen jańa hújjet payda etiwdi usınıs etedi;

2) Fayl menyuinen **Payda etiw** (Создать) buyrıǵı tańlanadı. Nátiyjede tekst teriw ushın jańa bet payda boladı.

Sonıń menen hújjet tayarlaw procesi baslanadı.

Bizge belgili, tekst gáplerden, gápler sózlerden, al sózler háriplerden quraladı. Bunnan tısqarı, tekstte irkilis belgiler hám arnawlı belgiler de qollanıladı. Bul belgilerdiń barlıǵı klaviaturada bar. Sol sebepli bul klavishlerdiń klaviaturada jaylasıw tártibin qanshelli jaqsı bilseńiz, tekst teriw de sonshelli ańsat boladı. Bunıń ushın kerekli belgili klavishlerdi izbe-iz basıw jetkilikli. Basılǵan klavishke sáykes belgi jumıs maydanınıń júrgish kórsetip turǵan jerine jazıladı hám júrgish bir belgi ońǵa jılısadı.

Ayırım klavishlerdiń ústine bir neshe belginiń súwreti túsirilgen boladı (5-klass). Bul súwretler, ádette, ya háriplerdi, yaki arnawlı belgilerdi ańlatadı. Mısalı:




Bul klavishlerden biri basılǵanda, onda súwretlengen hárip yaki arnawlı belgilerden qaysı biri hújjette sáwleleniwi klaviatura islep atırǵan til jaǵdayına baylanıslı. Klaviatura paydalanıwshı tárepinen tańlanǵan, mısalı:

| | | |
|---|---|---|
| EN Английский (США) | RU Русский | UZ Узбекский (кириллица) |

til jaǵdaylarınan birinde islep atırǵan bolıwı múmkin. Til jaǵdayı, ádette, **Máseleler paneliniń** oń tárepinde jaylasqan til panelinde sáwlelenedi. Til panelinde joqarıdaǵı 3 til jaǵdayına sáykes EN yaki RU, yaki UZ túymelerinen biri sáwlelenip turadı.

Til jaǵdaylarınan keregin tańlaw tómendegi usıllardan birinde ámelge asırılıwı múmkin.




**1-usıl. Tıshqan járdeminde.** Til panelinde sáwlelenip turǵan túyme tańlanǵanda payda bolǵan (sheptegi súwrettegi sıyaqlı) tańlaw diziminen kerekli túyme tańlanadı.

**2-usıl. Klavishler járdeminde.** Til panelinde kerekli til jaǵdayın tańlaw **Alt** (yaki **Ctrl**) klavishin basıp turǵan halda **Shift** klavishin basıw sáykes túyme sáwlelengenshe tákirarlanadı.

Klaviatura til jaǵdaylarınan tısqarı **«tómengi registr»** yaki **«joqarı registr»** jaǵdaylarınan birinde boladı. Kompyuter iske túsirilgende, ádette, klaviatura tómengi registr jaǵdayında boladı.

Tómengi registr jaǵdayında klavish basılǵanda til jaǵdayına sáykes ráwishte álipbeniń kishi háripleri yaki klavishtiń tómengi bóliminde sáwlelengen arnawlı belgi ekranǵa shıǵarıladı.

Mısalı, tómengi registrde:

| | | |
|---|---|---|
| B И | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: b |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: и |
| # № 3 | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: 3 |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: 3 |
| ? , /. | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: / |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: . |

Belgilerdi joqarı registr jaǵdayında ekranǵa shıǵarıw ushın Shift klavishin basıp turıp kerekli klavishler basıladı. Demek, klaviatura joqarı registr jaǵdayına tek Shift klavishi basıp turılǵanda ótedi. Eger Shift klavishi qoyip jiberilse, klaviatura tómengi registr jaǵdayına qaytadı. Joqarı registrde til jaǵdayına sáykes ráwishte álipbeniń bas háripleri yaki klavishlerdiń joqarı bóliminde sáwlelengen belgiler ekranǵa shıǵarıladı.

Mısalı, joqarı registrde:

| | | |
|---|---|---|
| B И | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: B |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: И |
| # № 3 | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: # |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: № |
| ? , /. | klavishi basılǵanda ekranǵa shıǵarılatuǵın belgi | klaviatura latın álipbesi jaǵdayında: ? |
| | | klaviatura kirill álipbesi jaǵdayında: , |

Geyde teksttiń úlken bólimin tek bas háriplerde jazıwǵa tuwrı keledi. Bunday jaǵdayda, ádette, [Caps Lock] klavishinen paydalanıladı. Bul klavish basılǵanda klaviaturanıń oń joqarı bóliminde **Caps Lock** indikatorı janadı hám klaviatura tek **bas háriplerdi kirgiziw jaǵdayına (joqarı registr jaǵdayına emes!)** ótedi. [Caps Lock] klavishi qaytadan basılsa, **Caps Lock** indikatorı óshedi hámde klaviatura jáne kishi háriplerdi kirgiziw jaǵdayına qaytadı.

Joqarı registrge jazıw ushın [Shift] klavishin basıwdı umıtpań!

Tek bas háriplerdi jazıw kerek bolǵanda [Caps Lock] klavishinen paydalanıń!

## HÚJJETTI SAQLAW

Payda etilgen hújetti diskte saqlap qoyıw kerek. Bunıń ushın tekstti aqırına shekem jazıp bolıwdı kútiw shárt emes. Ádette, tekstti kirgiziw baslanıwı menen onı diskte saqlap, tekst jazıp bolǵansha waqtı-waqtı menen saqlap turıw maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, túrli sebepler menen kompyuter óship qalıwı múmkin. Bul jaǵdayda diskte teksttiń sońǵı márte saqlanǵan bólimi saqlanıp qaladı.

Aytıp ótilgenindey, hújjetti saqlaw ushın, eger ol birinshi ret saqlanıp atırǵan bolsa, **Fayl** menyuinen **Saqlaw** (Сохранить) yamasa **«... sıyaqlı saqlaw»** (Сохранить как ...) buyrıǵı tańlanadı. Nátiyjede Paint programmasındaǵıday ekranda **«Saqlaw»** qatnas aynası payda boladı.

Eger hújjet birinshi ret saqlanıp atırǵan bolsa, oǵan atama beriw shárt. Bunıń ushın:

- programma tárepinen usınıs etilgen, mısalı, Докóмент1 yamasa hújjettiń birinshi qatarındaǵı tekst bólimi sıyaqlı atamada saqlaw;
- paydalanıwshı tárepinen berilgen hújjettiń mazmunına sáykes (mısalı, temaǵa tiyisli: Ana Watan — shıǵarma yamasa Minezleme yamasa Laboratoriya jumısı; hújjetti paydalanıw tarawına tiyisli: Ana tilinen diktant1 yamasa Hújjetlerim yamasa Fizikadan lab1 sıyaqlı) atamada saqlaw.

**Jańa saqlanıp atırǵan hújjetke usı papkada aldın saqlap qoyılǵan hújjet ataması berilgende programmanıń «Заменить» (Almastırılsın)**

**usınısı qabıl etilse, aldıngı hújjet óship ketedi hám ornına jańa hújjet jazıladı!**

Kerekli papka (**Папка**) tańlanıp, fayl atı (mısalı, **«Informatikadan referat»**) jazıladı hám **Saqlaw** (Сохранить) túymesi basıladı. Gezektegi, yaǵnıy **bar jumıstı saqlawda, Tezlikli panel**indegi saqlaw túymesin basıw yaki fayl menyuindegi **Saqlaw** buyrıǵın tańlaw jetkilikli boladı.

Eger burın saqlanǵan fayldı **basqa atama menen yamasa basqa papkada saqlaw** kerek bolsa, ol jaǵdayda **Fayl** menyuinen tek ǵana **«... sıyaqlı saqlaw»** (Сохранить как...) buyrıǵı tańlanadı.

> Jazıp atırǵan tekstińizdi waqtı-waqtı menen saqlap turıw esińizden shıqpasın!
>
> MS Word programması da belgilengen waqıtta hújjetti waqıtsha saqlap turadı!

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Word programmasında jańa hújjet payda etiw ushın qanday ámeller orınlanadı?
2. Qaysı menyu járdeminde jańa hújjet ushın bet payda etiledi?
3. Jańa hújjet payda etiw usılların ámelde kórsetip beriń.
4. Klaviatura qanday jaǵdaylarda bolıwı múmkin?
5. Klavish basılǵanda ondaǵı qaysı belgi ekranǵa shıǵadı?
6. Tómengi registr hám joqarǵı registr jaǵdaylarında islewdi ámelde kórsetiń.
7. Bas háriplerdi jazıw ushın qosımsha qaysı klavish basıladı?
8. Tek bas háriplerdi jazıw jaǵdayına ótiw qaysı klavish járdeminde ámelge asırıladı?
9. Hújjetti saqlawdıń usılların ámelde kórsetiń.

## *SHİNİǴİWLAR*

1. Úyde tayarlaǵan maǵlıwmatıńızdı «Ómirbayan1» bas temasındaǵı hújjetiniń dawamına jazıń. Hújjetti «Ómirbayan2» ataması menen saqlań. Programmanı jabıń.

2. Microsoft Word programmasın iske túsiriń. Hújjetke «Klaviatura jumısı» atamasın beriń. Tómendegi tekstti payda etiń hám programmanı jabıń.
   №1: Hújjetler = ҲУЖжетлер = DOCUMENTS = ДокуМЕНТЫ;
   №2: Joqarı ReGiStR <> BuWÍn KÓSHIRIW = БУЎын КӨШириў.
3. Microsoft Word programmasın iske túsiriń. Hújjetke «Microsoft Word» tekstin jazıń. Hújjetti «Birinshi atamada saqlaw» ataması menen saqlań. Programmanı jabıń.
4. «Birinshi atamada saqlaw» atlı hújjetti ashıp teksttiń dawamına programma kórsetpesin (2010) jazıń hám «Ekinshi atamada saqlaw» ataması menen usı papkaǵa saqlań. Programmanı jabıń.
5. «Ekinshi atamada saqlaw» atlı hújjetti ashıp tekst dawamına «da saqlaw usılları» tekstin jazıń. Hújjetti «Ekinshi atamada basqa papkada saqlaw» ataması menen usı papka ishine jańa «Basqa papka» atli papka payda etip soǵan saqlań. Programmanı jabıń.
6. Dápterińizge «Meniń shańaraǵım» atlı bes abzaclı tekst jazıń. Tekst jazıwdan aldın hár bir abzacta sáwlelenetuǵın mazmun haqqında joba dúziń. Dúzgen jobańız da dıpterińizde sáwlelensin.

## 4-sabaq
# WORDTA TEKST JAZÍW QAǴÍYDALARÍ

Tekst processorlarında tekst jazıw ushın tek klavishlerdi basıwdıń ózi jetkilikli emes. Wordta tekst áwelden puqta oylanǵan joba yaki tártip tiykarında jazıladı. Mısalı, siz aldıńǵı sabaqta jazǵan «Ómirbayan» atlı hújjet te belgili bir sorawlarǵa juwap beriw arqalı tayarlandı. Qanday da bir hújjet tayarlawdı jobalastırıwda hújjettiń kórinislerin, tekst jazıw qaǵıydaların, hújjette háreketleniwdi, redaktorlaw imkaniyatların biliw áhmiyetli bolıp esaplanadı.

*Gilt sózler:* **hújjettiń kórinisleri, tekst jazıw qaǵıydaları, hújjette háreketleniw.**

## HÚJJETTIŃ KÓRINIW HALATLARÍ

**Hújjet penen islew maqsetlerinen kelip shıǵıp Microsoft Word programması Kórinis** (Вид) lentası arqalı hújjetti sáwlelendiriwdiń bir neshe **kóriw jaǵdayların** usınıs etedi:




**Betti belgilew** (Разметка страницы) jaǵdayında (A-súwret). Bul jaǵdayda tekst, ashıq orınlar, súwretler hám basqa bólimler qaǵazǵa shıǵarıwǵa mólsherlengen bet kórinisinde sáwlelenedi.




**Oqıw jaǵdayı** (Режим чтения) jaǵdayında húјjet ólshemleri ekran ólshemlerine sáykes tárizde ózgeredi hámde kóp úskeneler kórinbeydi. Bul jaǵday húјjetti oqıwda kózdiń az sharshawın támiyinlewge qaratılǵan.

**Web-húјjet** (Веб-документ) jaǵdayı húјjetti brauzer aynasındaǵı sıyaqlı sáwlelendiredi. Bul jaǵdaydan brauzerlerde (mısalı, **Windows** quramındaǵı



**Internet Explorer**de) kóriw ushın Web-sayt hám Web-hújjetler tayarlanǵanda paydalanıw ushın qolay.

**Struktura** (Структура) jaǵdayı (B-súwret) tekst quramın kórip turıw, tekst bólimlerin nusqalaw, kóshirip ótkeriw jolı menen tekstti qayta shólkemlestiriwde qollanıladı.

**Qaralama** (Черновик) jaǵdayı tekstti kirgiziw, redaktorlaw hám formatlaw ushın kózde tutılǵan. Bul jaǵday tekstke kóbirek itibar beriw zárúr bolǵanda paydalanıladı. Qaralama jaǵdayında MS Wordtıń ayırım elementleri sáwlelenbeydi.

Ádette, MS Word iske túsirilgende **Betti belgilew** kóriw jaǵdayı sáwlelenedi. Qolaylılıq ushın **Kóriw** jaǵdayların tańlaw múmkinshiligi **jaǵday qatarına** kirgizilgen.

## TEKST JAZÍW QAǴÍYDALARÍ

Microsoft Word programmasında teksttegi sózler bettiń oń shegarasına jetkende keyingi jazılǵan sóz jańa qatarǵa avtomat tárizde ótedi.

**Jańa abzacqa ótiw ushın Enter klavishin basıw kerek.**

• Hárqanday irkilis belgisinen keyin probel (bos orın) klavishi basılıwı shárt, irkilis belgisinen aldın probel basılmaydı.

• «Qatań probel»di jaylastırıw ushın Ctrl, Shift, Probel klavishleri birgelikte basıladı. Qatań probel qatar sońında jazılǵan probel qatnasqan sóz dizbegi (mısalı, A. Fazılov) ajıralıp qalmawı ushın, yaǵnıy bir qatarda jaylasıwı shárt bolǵanda qollanıladı.

• **«Defis»** (-) belgisi probellersiz jazıladı, mısalı: qawın-ǵarbız, kiyim-kenshek,

• **«Tire»** (–) eki tárepten probeller menen ajıratıladı. Onı jazıw ushın Ctrl hám járdemshi klavishler toplamınan «tire» klavishleri birgelikte basıladı. Mısalı, «Bahram Mahkamov – klasımızdaǵı eń aǵla oqıwshı».

• **«Uzın tire»** (—) eki tárepten probeller menen ajıratıladı. Onı jazıw ushın Ctrl, Alt hám járdemshi klavishler toplamınan «uzın tire» klavishleri birgelikte basıladı. Mısalı, «Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh».

• **«Qatań tire»**ni jazıw ushın Ctrl, Shift hám – klavishleri birgelikte basıladı. Qatań tire qatar sońında jazılǵan defis qatnasqan sóz (mısalı, 5-klass) ajıralıp qalmawı ushın, yaǵnıy bir qatarda jaylasıwı shárt bolǵanda qollanıladı.

• **«Jumsaq tire»** jumsaq buwın kóshiriw dep te ataladı. Tekst jazıw procesinde Microsoft Word programası sózdiń qatarǵa sıymaǵan bólimin jańa qatarǵa avtomat tárizde buwınǵa bólip kóshiredi, biraq bul qaraqalpaq tili grammatikasına qayshı keliwi múmkin, máselen, **shashadı** sózin **shas-hadı** sıyaqlı. Bul jaǵdayda júrgishti **shas-hadı** sózindegi «**s**» háribiniń aldına jaylastırıp «jumsaq tire» kirgiziledi, yaǵnıy [Ctrl] hám 0 cifrı janındaǵı [-] klavishları birgelikte basıladı. Nátiyjede **shashadı** sózi **sha-shadı** sıyaqlı buwınlarǵa bólinedi. Eger redaktorlaw barısında «jumsaq tire» járdeminde jazılǵan sóz tolıǵı menen qatarǵa sıyatuǵın bolsa (yaǵnıy, máselen, qatarǵa shashadı sózinen aldın bir sóz qosılsa yamasa qatarǵa shashadı sózinen aldın bir sóz óshirilse), ol jaǵdayda jumsaq tire belgisi járdeminde bólingen buwındaǵı tire belgisi tekstte usı qásiyeti boyınsha kórinbey qaladi. Ápiwayı usılda, yaǵnıy paydalanıwshı tárepinen tire jaylastırıp buwınǵa bóliw arqalı jańa qatarǵa kóshirilgen sózlerde tire belgisi tekstte kórinip qaladı.

• **Qawsırmalar: (), tırnaqshalar: ‘ ’** yamasa **qostırnaqshalar: «»** ishine alınǵan sózler olardan probeller menen ajıratılmaydı, mısalı: «Windows XP».

• **Rim cifrların** jazıw ushın I, V, X, L, C, M sıyaqlı bas háriplerden paydalanıladı.

## HUJJETTE HÁREKETLENIW

Microsoft Word baǵdarlamasında júrgish tezlik klavishleri járdeminde hújjette tómendegishe júrgiziledi:

• bir qatardan ekinshisine [↑] yaki [↓] baǵdarlaw klavishleri;

• bir belgiden ekinshisine [→] yaki [←] baǵdarlaw klavishleri;

• bir sózden ekinshisine [Ctrl] klavishin basıp turǵan jaǵdayda [→] yamasa [←] klavishlerin basıw járdeminde;

• bir abzactan ekinshisine [Ctrl] klavishin basıp turǵan jaǵdayda [↑] yaki [↓] klavishlerin basıw járdeminde;

• bir betten ekinshisine [Page Up] hám [Page Dn] klavishleri járdeminde;

• qatardıń basına [Home], qatardıń sońına [End] klavishleri járdeminde;

• Teksttiń basına [Ctrl] + [Home], tekst sońına [Ctrl] + [End] klavishleri járdeminde.

Microsoft Word programmasında hújjetti «betlew», yaǵnıy aldıngı yamasa sońǵı qatarlardı hám de betlerdi vertikal súrgish járdeminde kóriwdiń tómendegi imkaniyatları bar:




Shep táreptegi ámellerdi orınlaw ushın tıshqannıń kórsetkishin súwrette kórsetilgen orınǵa baǵdarlap shep túymesin bir ret basıw jetkilikli. Bul ámellerdi orınlaǵanda júrgishtıń ornı ózgermeydi.

## SORAW HÁM TAPSİRMALAR

1. Word programmasında hújjet kóriwdiń qanday jaǵdayları bar?
2. Word programması iske túsirilgende hújjet qanday kóriw jaǵdayında sáwlelenedi?
3. Wordta tekst jazǵanda jańa abzacqa qalay ótkeriledi?
4. Wordta uzın tireniń jazılıwın ámelde kórsetip beriń.
5. Qatań tire jazılıwın ámelde kórsetip beriń.
6. 1950 hám 1963 sanların Rim cifrlarında jazıń hám túsindiriń.
7. Tekst boylap júrgishti júrgiziwdi ámelde kórsetip beriń.
8. Tekstti betlewdiń qanday usılları bar?
9. Tekst betlengende júrgish qalay qozǵalatuǵının ámelde kórsetip beriń.
10. Hújjette tıshqandaǵı dóńgelek qanday wazıypalardı atqaradı?
11. Home, End, Ctrl+Home hám Ctrl+End tezlik klavishleri járdeminde hújjette háreketleniwdi ámelde kórsetip beriń.

## SHİ NİĠİ WLAR

1. Shep baǵanadaǵı bet jaǵdaylarınıń qásiyetlerin oń baǵanadan tabıń.

| | |
|---|---|
| **Betlerdi belgilew** | hújjet ólshemleri ekran ólshemlerine sáykes ráwishte ózgeredi. |
| **Oqıw** | hújjettiń bas qatarları hújjet strukturasındaǵı baǵanasına sáykes ráwishte jıljıydı. |
| **Struktura** | tekst, ashıq orınlar, súwretler hám basqa bólimler qaǵazǵa shıǵarıwǵa mólsherlengen betke uqsaǵan kóriniste sáwlelenedi. |

2. Úyde tayarlaǵan maǵlıwmatıńız tiykarında «Meniń shańaraǵım» bas temasındaǵı hújjet payda etiń. Hújjetti «Meniń shańaraǵım» ataması menen saqlań. Programmanı jabıń.
3. Word programmasında tómendegi tekstti jazıw procesinde hár bir sózden keyin «Qatań probel» kirgiziń. Hújjetti «Qatań hám jumsaq» ataması menen saqlań. Hár bir sózdi «jumsaq tire» járdeminde buwınǵa bóliń. Nátiyjeni talqılań.
   «Biytákirarımsań, jalǵızsań, ana-Watanım — Ózbekistanım», «Elim dep, jurtım dep janıp jasaw kerek!», «Ilim dárgayım — maqtanıshım!»
4. Dápterińizge «Meniń Watanım — Ózbekistan» atamasında bes abzaclı tekst jazıń. Tekst 15 gápten kem bolmasın. Tekst jazıwdan aldın hár bir abzacqa sáwlelenetuǵın mazmun haqqında joba dúziń. Dúzgen jobańız da dápterińizde sáwlelensin.

### 5-sabaq
# HÚJJETLERDIŃ TIYKARĠÍ PARAMETRLERI

Word tekst processorında jumıs baslaǵanda dáslep hújjettiń kórinisin kóz aldımızǵa keltiriwimiz kerek. Sebebi, hújjettiń kórinisine qarap qaǵaz ólshemi, bettiń baǵdarı, qatarlar arasındaǵı aralıq aldın ala belgilep alınadı.

*Gilt sózler:* **bet parametrleri, shrift parametrleri, abzac parametrleri.**

## HÚJJET PARAMETRLERI

Biz turmısımızda hár qıylı hújjetlerdi ushıratamız. Mısalı, tuwılǵanlıǵı haqqında gúwalıq, medicinalıq karta, medicinalıq yamasa oqıwdan alınǵan maǵlıwmatnamalar, oqıwshı tabeli hám t.b. Olar bir-birinen tek mazmunı menen emes, al basqa tárepleri menen, sonıń ishinde, hújjetlerdiń ólshemi menen de parıqlanadı. Hár qıylı hújjetler túrli ólshemdegi qaǵazǵa jazılǵanın kóp baqlaǵansız. Bunnan tısqarı, tekst jazılǵanda bettiń shep, oń, joqarı hám tómengi bóliminen hár túrli aralıq qaldırıladı. Hár qıylı hújjetlerde qatarlar arasındaǵı aralıq ta hár qıylı bolıwı múmkin. Hújjetlerde bunday shekleniwler júdá kóp ushırasadı.

Tekst processorlarında tayarlanıp atırǵan hújjettiń túrine qarap **bettiń parametrleri** hám **tekst parametrleri (shrift, abzac)** belgilep alınadı. Olar **hújjetlerdiń parametrleri** (ózgeshelikleri) dep aytıladı.

## BETTIŃ PARAMETRLERI

Hújjet betiniń parametrleri, tiykarınan, basıp shıǵarıw maqsetlerinen kelip shıǵıp tańlanadı. Bettiń parametrlerin tańlawdı **Betti belgilew** (Разметка страницы) lentası járdeminde ámelge asırıw qolaylı:




Bul lentanıń **Bettiń parametrleri** (Параметры страницы) bólimindegi **Ashıq orınlar** (Поля) tańlaw diziminen *ashıq orın ólshemlerin belgilew,* **Orientaciya** (Ориентация) tańlaw diziminen *bettiń* (kitap yaki albom) *baǵdarın belgilew,* **Ólshem** (Размер) tańlaw diziminen *qaǵaz ólshemlerin belgilew,* **Baǵana** (Колонки) tańlaw diziminen *bettegi baǵanalar sanın belgilew* múmkin:






Eger bettiń tolıq parametrlerin qarap shıǵıw zárúr bolsa, ol jaǵdayda **Bettiń parametrleri** (Параметры страницы) qatnas aynası ashıladı. Bul qatnas aynası Разметка страницы lentasınıń Параметры страницы logikalıq toparındaǵı túymesi járdeminde ashıladı. Qatnas aynasınıń qatlamlarınan tańlanǵan parametrler kúshke kiriwi ushın qatnas aynasındaǵı **«OK»** túymesi (tıshqan járdeminde) tańlanadı yamasa Enter klavishi basıladı.

Ashıq orınlardıń keńligin gorizontal hám vertikal sızǵısh járdeminde ózgertiw múmkinshiligi de bar. Al, sızǵıshlar **Kórinis** (Вид) lentasınıń **Sáwlelendiriw** (Показать) logikalıq toparınan **Sızǵısh** (Линейка) obyekti tańlanǵannan soń sáwlelenedi.




Betti jáne de shıraylı hám ózine tartımlı etip kórsetiw ushın bet fonınıń reńi hám shegaraları ózgertiliwi múmkin. Bunıń ushın **Betti belgilew** (Разметка страницы) lentasınıń **Bet fonı** (Фон страницы) bólimindegi Bettiń reńi (Цвет страницы) hám **Betlerdiń shegaraları** (Границы страниц) múmkinshiliklerinen paydalanıladı.

MS Wordta bet fonına **tutas reń** tańlaw yamasa tómendegi sıyaqlı **Boyaw usılları** (Способы заливки) qollanıwı múmkin:




Bettiń shegarası ushın da hár qıylı imkaniyatlar bar bolıp, ádette, hár qıylı túrdegi, reńdegi hám qalıńlıqtağı sızıqlar yamasa súwretlerden paydalanıladı:




## SHRIFT PARAMETRLERI

Shrift parametrleriniń Shrift túri, ólshemi hám jazıw forması menen aldınıraq tanıstıq. Shrift parametrlerin tańlawdıń ayırım imkaniyatları **Bas** (Главная**)** lentasınıń **Shrift** (Шрифт) logikalıq toparında jámlengen:



# ABZAC PARAMETRLERI

Abzactıń parametrlerin tańlawdıń ayırım imkaniyatları **Bas** (Главная**)** lentasınıń **Abzac** (Абзац) logikalıq toparında jámlengen. Bul topar túymeleri járdeminde **(1) abzac tegisleniw usılı** (shepten, ortadan, ońnan, bettiń keńligi boyınsha), **(2) abzac qatarları aralıǵı** (bir, bir yarım, eki, minimum, anıq, kóbirek), **(3) abzac fonı, (4) abzac shegarası,** abzactı **(5) markerlew** yamasa **(6) tártiplew** yamasa **(7) klassifikaciyalaw, abzac (8) sheginiwdi kemeytiw** yamasa **(9) arttırıw,** belgilengen **(10) tekstti (abzaclar toplamın) tártiplew, (11)** formatlawdaǵı **kórinbes belgilerdi sáwlelendiriw** múmkin.







Abzac sheginisi hám bas qatar shetleniwin **Gorizontal sızǵısh** kórsetkishlerinen paydalanıp ornatıw qolaylı. Bunıń ushın gorizontal sızǵıshtaǵı sheginiw kórsetkishleri tıshqan járdeminde kerekli baǵıtta jıljıtıladı.

## *SORAW HÁM TAPSÍRMALAR*

1. Rásmiy hújjetlerge mısallar keltiriń.
2. Hújjet hám tekst parametrlerin túsindiriń.
3. Bettiń baǵıtın ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
4. Ashıq orındı belgilew usılların ámelde kórsetiń.
5. Bettiń fonınıń 2 túrin tańlawdı ámelde kórsetiń.
6. Bet shegarasınıń 2 túrin tańlawdı ámelde kórsetiń.

7. Abzactıń sheginisin belgilew usılların ámelde kórsetiń.
8. Siziń kompyuterińizde qanday shrift túrleri bar?
9. Shrifttiń ólshemin ózgertiw usılların ámelde kórsetiń.
10. Birinshi hárip qızıl reńde jazılǵan bolsa, sózdiń keyingi háripleri qanday reńde sáwlelenedi?
11. Qatarlar arasındaǵı aralıq qalay ózgertiledi?

## *SHİNİĠİWLAR*

1. «Ómirbayan2» atlı hújjette bet fonınıń reńin, shegara sızıqların, gáplerdiń ólshemlerin, reńlerin, sózlerdiń kórinislerin, abzaclardıń tegisleniw usılı hám sheginislerin ózgertiń.
2. «Meniń shańaraǵım» atlı hújjette bettiń parametrlerinen albom betin tańlap, shrifttiń túrli reń hám ólshemlerinen paydalanıń. Hár bir abzac ushın túrli qatarlar aralıǵı hám abzac sheginisin tańlań.
3. Jańa hújjet ashıp tómendegi kórinistegi tekstlerdi payda etiń hám «Watanım» ataması menen saqlań.

Watanım meniń Ana Watan Janajan Watan Ǵárezsiz Watan
WATAN ANA SÍYAQLÍ MUQADDES Ǵárezsiz Ózbekistan
Janajan Ó z b e k i s t a n ı m Ózbekistan gózzal úlke
Ó z b e k i s t a n ana watanım

4. Úyde tayarlaǵan tekstińiz tiykarında «Meniń Watanım — Ózbekistan» atlı hújjet tayarlań. Tekst mazmunına sáykes abzaclarǵa ajıratıń. Hújjetti «Meniń Watanım — Ózbekistan» ataması menen saqlań.
5. Dápterińizge «Meniń doslarım» atlı bes abzaclı tekst jazıń. Tekst jazıwdan aldın hár bir abzacta sáwlelengen mazmun haqqında joba dúziń. Dúzgen jobańız da dápterińizde sáwlelensin.
6. Tómende berilgen oń baǵanadaǵı parametrlerdi shep baǵanadaǵı atamalarǵa tásir etiw imkaniyatına sáykes ráwishte dápterińizge kóshiriń.

| | |
|---|---|
| **Bet** | reńi, ólshem, qalıńlıq, fon reńi, belgi aralıǵı, ashıq orınnan sheginiw, jazıw túri, tegisleniw, qatarlar arasındaǵı aralıq, masshtab, shegara sızıǵı, bas qatar sheginisi, markerlew, kórinbes belgiler, sızǵısh, tekstura, astıngı sızıq, jıljıw |
| **Abzac** | |
| **Sóz** | |
| **Shrift** | |

6-sabaq

# HÚJJETLERDI REDAKTORLAW

Qolda yamasa jazıw mashinasında jazılǵan tekstke dúzetiw kirgiziw qıyın. Kópshilik jaǵdaylarda dúzetiw kirgizilgen tekst qaytadan aqqa kóshiriledi. Tekst redaktorları hám tekst processorları bolsa tekstlerge ıqtıyarlı túrde dúzetiwler kirgiziw múmkinshiligin beredi. Tekstli hújjetke dúzetiwler kirgiziw hújjetti redaktorlaw delinedi. Mısalı, hújjetti redaktorlaw procesinde qandayda bir belgi óshiriledi, almastırıladı yamasa jaylastırıladı, teksttiń belgili bir bólimi óshiriledi, nusqası kóshiriledi yamasa ornı almastırıladı.

*Gilt sózler:* **Tekstti redaktorlaw, belgi qosıw hám óshiriw, blok, nusqalaw, kóshiriw.**

## TEKSTKE JAŃA BELGI QOSÍW

Tekst jazılǵanda qáteliklerge jol qoyılǵan bolıwı múmkin. Jazıw procesinde tez-tez pikir ózgerip turıwı múmkin. Bul jaǵdayda ulıwma qátesiz jazılǵan tekstke de qosımshalar hám dúzetiwler kirgiziledi. Tekstti redaktorlawda eń kóp islenetuǵın jumıslardıń biri bul artıqsha belgini óshiriw yaki túsip qalǵan belgini araǵa jaylastırıw bolıp esaplanadı.

Tekstke jańa belgilerdi kirgiziw tómendegishe orınlanadı:

1. Júrgish teksttiń kerekli belgiler kirgiziliwi tiyis bolǵan orınǵa qoyıladı.

Tekstti qáte| jazıw áhmiyetli

2. Kerekli belgiler klaviaturada teriledi:

Tekstti qátesiz| jazıw áhmiyetli!

## TEKST BÓLEGIN BELGILEW

Teksttiń belgilengen qanday da bir bólegi **blok** dep ataladı. Ádette, blok fon berilgen sıyaqlı reńi menen ajıralıp qaladı. Tekstte blok ajıratıw **klaviatura** yamasa **tıshqan** járdeminde ámelge asırılıwı múmkin. Klaviatura járdeminde blok ajıratıw ushın:

| | |
|---|---|
| Júrgish kerekli bólimniń (belgi, sóz, qatar yaki abzac, bet) birinshi belgisiniń aldına jaylastırıladı | Belgileniwi kerek bolǵan bólim. |
| Shift klavishin basıp turǵan halda → baǵıtlaw klavishi teksttiń kerekli tekst bólegi belgilengenshe basıp turıladı | Belgileniwi kerek bolǵan bólim. |

***Hújjetti tolıq belgilew ushın Ctrl + A klavishleri basıladı.***

Tıshqan járdeminde blok ajıratıwdıń tiykarǵı usılları tómendegishe:

| | |
|---|---|
| **Belgileniwi kerek bolǵan bólim** ústinde tıshqannıń shep túymesi basılǵan halda jılıstırıladı | **Tıshqannan paydalanıw. Teksttiń belgileniwi kerek bolǵan bólimi.**  |
| **Sóz** belgileniwi ushın kórsetkishi sóz ústine alıp barılǵan tıshqannıń shep túymesi 2 ret basıladı | **Tıshqannan paydalanıw. Teksttiń belgileniwi kerek bolǵan bólimi.**   |
| **Abzac** belgileniwi ushın kórsetkishi abzac ústine alip barılǵan tıshqannıń shep túymesi 3 ret basıladı | **Tıshqannan paydalanıw. Teksttiń belgileniwi kerek bolǵan bólimi.**   |
| **Gáp** belgileniwi ushın Ctrl klavishin basıp turǵan halda kórsetkishi gáp ústine alıp barılǵan tıshqannıń shep túymesi 1 ret basıladı | **Tıshqannan paydalanıw. Teksttiń belgileniwi kerek bolǵan bólimi.**   |

Blok ústinde hár qıylı ámeller (óshiriw, nusqalaw, kóshirip ótkeriw hám t.b.) orınlaw múmkin.

## HÚJJETTE ÓSHIRIW

Tekst jazıw procesinde qáte jazılǵan belgini óshiriw zárúr boladı. Eger hújjettiń sóz, gáp, qatar yamasa abzac sıyaqlı bólimin óshiriw lazım bolsa, bul bólimdi blokqa alıp, Delete klavishin basıw jetkilikli.

Teksttegi bir yamasa bir neshe belgini tómendegi usıllardan birinde óshiriw múmkin:

| | |
|---|---|
| Júrgish óshiriliwi kerek bolǵan belgiden aldın jaylastırılsa, Delete klavishi basıladı | Júrgish óshiriliwi kerek bolǵan belgiden keyin jaylastırılsa, ← Backspace klavishi basıladı |

Geyde, teksttiń belgili bir bólegin teksttiń basqa jerine kóshirip ótkeriw kerek boladı. Bunıń ushın:

**1-usıl.** Kerekli bólim blokqa alınadı hám **Bas** (Главная) lentası **Almastırıw buferi** (Буфер обмена) toparınan  **Qırqıp alıw** túymesi tańlanadı. Nátiyjede qırqıp alınǵan bólegi **almastırıw buferi** dep atalatuǵın járdemshi yadta waqıtsha saqlanıp qaladı. Endi qırqıp alınǵan bólim jaylastırılıwı kerek bolǵan jerge júrgish ornatıladı hám **Bas** (Главная) lentası **Almastırıw buferi** (Буфер обмена) 

**Jaylastırıw** (Вставить) túymesi tańlanadı.

**2-usıl.** Kerekli bólim blokqa alınadı hám tıshqannıń shep túymesin basıp turǵan halda kerekli jerge jıljıtıp ótkeriledi.

## HÚJJETTE NUSQA KÓSHIRIW

Nusqa kóshiriw ushın teksttiń nusqa kóshiriletuǵın bólimi blokqa alınadı. **Bas** (Главная) lentası **Almastırıw buferi** (Буфер обмена) toparınan  **Nusqalaw** (Копировать) túymesi tańlanadı. Nátiyjede belgilengen bólimniń nusqası **almastırıw buferinde** saqlanıp qaladı. Endi nusqa jaylastırılıwı kerek bolǵan jerge júrgish ornatıladı hám **Bas** **(Главная)** lentası **Almastırıw buferi** (Буфер обмена) toparınan 

**Jaylastırıw** (Вставить) túymesi tańlanadı.

Microsoft Word programması jaylastırılıp atırǵan nusqanı bir neshe usıldan birinde usınıs etedi:




| Nusqası alınǵan tekst | Formattı saqlap qalıw | Formatlardı birlestiriw | Tek tekstti jaylastırıw |
|---|---|---|---|
| 6-***klass*** **MS Word** | 6-***klass*** **MS Word** | 6-***klass*** **MS Word** | 6-klass MS Word |

## HÚJJETTE IZLEW HÁM ALMASTÍRÍW

Úlken kólemdegi tekstte qanday da bir sóz (atama yamasa sóz dizbegi) izlep tabılıwı hám almastırılıwına kóp waqıt sarıplanadı. MS Word programmasında bul processti ámelge asırıw qolaylı bolıwı ushın **Izlew hám almastırıw** (Найти и заменить) qatnas aynası bar. Bul aynanı shaqırıw ushın Ctrl + F klavishler juplıǵın basıw yamasa **Bas** (Главная) menyuiniń **Redaktorlaw** (Редактирование) logikalıq toparınan **Almastırıw** (Заменить) túymesin tańlaw múmkin. Nátiyjede izlew (Найти), **Izlew hám almastırıw** (Найти и заменить) hám de Ótiw (Перейти) qatlamlarınan ibarat tómendegi kórinistegi qatnas aynası ashıladı:




Bul aynanıń **Найти:** maydanına izlenip atırǵan sóz, **Заменить на:** maydanına almastırılıp atırǵan sóz jazıladı. Endi maqsetten kelip shıǵıp **Almastırılsın** (Заменить), **Barlıǵı almastırılsın** (Заменить все) yamasa **Keyingisi izlensin** (Найти далее) túymelerinen paydalanıladı.

### *SORAW HÁM TAPSÍRMALAR*

1. Tekstti redaktorlaw degende neni túsinesiz?
2. Tekstti redaktorlawda qollanılatuǵın ámellerdi aytıń?
3. Tekstke «túsip qalǵan» belgiler qalay kirgiziledi?
4. Teksttegi artıqsha belgi qalay óshiriledi?
5. Blok degende neni túsinesiz?
6. Teksttiń bólegin blokka alıw usılların ámelde kórsetiń.
7. Teksttiń belgilengen bólegi ústinde qanday ámeller orınlaw múmkin?
8. Teksttiń belgilengen bóleginen nusqa kóshiriw degen ne hám ol qalay ámelge asırıladı?

9. Qatar, gáp hám tekstti blokqa alıwdıń barlıq usılların ámelde kórsetip beriń.
10. Hújjette júrgishtiń aldındaǵı belgi qalay óshiriledi? Keyin turǵan belgi-she?
11. Hújjettiń sóz, gáp, qatar yamasa abzac sıyaqlı bólegi qalay óshiriledi? Ámelde kórsetip beriń.
12. Teksttegi kóp ret qatnasqan sózdi basqa sózge qalay almastırıw múmkin? Ámelde kórsetip beriń.
13. **Izlew hám almastırıw** (Найти и заменить) qatnas aynasınıń **Ótiw** (Перейти) qatlamı imkaniyatların óz betińizshe talqılań hám aytıp beriń.

## *SHİNİĠİWLAR*

1. «Ómirbayan2» atlı hújjettiń bólimlerinen nusqa kóshirip «Biziń shańaraq» atlı hújjetti toltırıń.
2. MS Word baǵdarlamasın iske túsiriń. Tómendegi tekstti jazıp «Qáte» ataması menen saqlań hám baǵdarlamanı jabıń:
   Bish(2) kobiytew(3) bis(1) — jygrma(2) bec(1)[9]. Koputirlen (5) boqıwsı(5) tikargı(2) baǵdırlamaniń(2) ati(1) — «Wundo(3) XP»[18]. Polz(2) egnleine(2) ǵabz(2) hám qauındi(2) msal(1) etu(2) mumkin(1)[13]. Anton(2) sózle(1): balen(2) — pas(1), jqari(2) — tomen(1), uzn(1) — qisxa(2), jaksi(2) — jaan(1), issi(2) — suuiq(2) [19].
3. MS Word baǵdarlamasın iske túsiriń. **«Qáte»** atlı hújjetti ashıń. Tekstte sózden keyingi ápiwayı qawsırma ishinde sózdegi qáteler sanı, gáptiń sońındaǵı kvadrat qawsırma ishinde gáptegi qáteler sanı kórsetilgen. Hújjetti **«Qáte-redaktorlaw»** ataması menen saqlań. Tekstti redaktorlań. Hújjetti saqlań. Baǵdarlamanı jabıń.
4. Dápterińizdegi «Meniń doslarım» teksttiń dawamına doslarıńızdıń keleshek ármanları, qızıǵıwshılıqları, iyelemekshi bolǵan kásipleri, oqıǵan ádebiy kitapları haqqında maǵlıwmat qosıń. Zárúr bolsa tekstti redaktorlań.
5. Tómendegi testlerdi talqılań hám juwabın anıqlań.
   1) Ms Wordta sózge tán ózgesheliklerdi anıqlań.
   A) belgiler izbe-izligi;
   B) Izbe-izlikler bir-birinen probel belgisi menen ajıralıp turadı;
   D) Izbe-izlikler bir-birinen tire belgisi menen ajıralıp turadı;
   E) barlıq juwap tuwrı.
   2) MS Wordta jańa abzacqa ótiw ushın ... klavishi basıladı.
   A) Shift; B) Enter; D) Esc; E) F1.

3) Blok dep nege aytıladı?
A) tekstte belgilengen 7 belgi;
B) tekstte belgilengen bir bólim;
D) teksttiń belgilengen 7 qatarı;
E) teksttiń belgilengen 7 abzacı.

7-sabaq

# HÚJJETTI FORMATLAW

Burın aytılǵanınday, tekst processorlarında hújjettiń sırtqı kórinisi shıraylı bolıwı ushın shrift túri, ólshemi, reńi hám abzac tegisleniwi, shegara sızıw sıyaqlı bezewler menen bayıtılıwı múmkin. Bunday ámellerdi orınlaw **hújjetti formatlaw** delinedi. Formatlaw shriftke, tekstke yaki abzacqa qollanılıwı múmkin. Bul sabaqta formatlawǵa tiyisli ámeller menen tanısasız.

*Gilt sózler:* **tekstti formatlaw, abzactı formatlaw, bet formatı, bettiń tártip nomeri.**

## TEKSTTI FORMATLAW

Teksttegi shrifttiń reńi, sızılmanıń kórinisi, ólshemi, jazıw forması hám basqa formatları tómendegishe tańlanadı:

1) formatlanıwı kerek bolǵan bólim belgilenedi, yaǵnıy **blokqa** alınadı;

2) tómendegi A yamasa B bólimlerdiń biri qollanıladı:

A) aldın kórilgen **Bas** menyuiniń **Shrift** logikalıq toparınan kerekli ózgeshelikler tańlanadı;

B) **Shrift parametrleri** qatnas aynası imkaniyatlarınan paydalanıladı».Bul qatnas aynası **Shrift** logikalıq toparındaǵı ↘ belgisi járdeminde ashıladı. **Shrift** qatnas aynası **Shrift** (Шрифт) hám **Qosımsha** (Дополнительно) qatlamlarınan ibarat.




| Shrift parametrleri (ózgeshelikleri) | |
|---|---|
| 1) shrifttiń túri | 2) shrift jazıw forması |
| 3) shrifttiń ólshemi | 4) shrifttiń reńi |
| 5) astı sızılǵan kórinisi | 6) astı sızılǵan reńi |
| 7) shrifttiń kórinisi | 8) tekstke tiyisli túrli effektler |

Shrift parametrleri qatnas aynasınıń **Qosımsha** (Дополнительно) qatlamında **Belgiler arasındaǵı aralıq** (Межзнаковый интервал) bólimi

**Masshtab** (Масштаб), **Aralıq** (Интервал), **Jılıstırıw** (Смещение) sıyaqlı tańlaw maydanshalarınan ibarat. **Masshtab procenti** belginiń (shrifttiń ólshemin emes) bette sáwlelenetuǵın kólemin úlkeytedi yaki kishireytedi. **Aralıq punkti** belgiler arasındaǵı boslıqtı úlkeytedi yaki kishireytedi. **Jılıstırıw punkti** belgilerdi qatarǵa salıstırǵanda joqarıǵa yaki tómenge jıljıtadı. Mısalı:

| | |
|---|---|
| Masshtab: eki sóz 100%, Aralıq: Обычный (Ápiwayı) | Shrift parametrleri |
| Masshtab: birinshi sóz 200%, ekinshi sóz 100% | Shrift parametrleri |
| Aralıq: birinshi sóz Ziyrek (Разреженный) 3 punkt | S h r i f t parametrleri |
| Jılıstırıw: birinshi sóz Joqarıǵa (Вверх) 3 punkt | Shrift parametrleri |

## ABZACTÍ FORMATLAW

Abzactı formatlaw ushın:

1) júrgish usı abzacqa jaylastırıladı;

2) tómendegi A yaki B, yamasa C bólimlerdiń biri qollanıladı;

A) aldın kórilgen **Bas** menyudiń **Abzac** logikalıq toparınan kerekli ózgeshelikler tańlanadı;

B) **Betti belgilew** (Разметка страницы) menyuiniń **Abzas** yaki **Bas** menyuiniń **Usıllar** (Стили) logikalıq toparınan kerekli ózgeshelikler tań lanadı:






| Ózgeshelikler | Tańlaw ornı |
|---|---|
| 1) abzac tegisleniw usılın tańlaw (shepten, ortadan, ońnan, bettiń keńligi boyınsha) |  |
| 2) tekst dárejesin ózgertiw (ápiwayı, tiykarǵı tekst, túrli bas qatar dárejelerin tańlaw) |  |
| 3) abzactıń shep ashıq orınnan sheginiwin ózgertiw |  |
| 4) abzactıń oń ashıq orınnan sheginiwin ózgertiw |  |
| 5) bas qatardı abzactıń qalǵan qatarlarına salıstırǵanda shetleniw (**sheginiw** yaki **shıǵıw**) usılın tańlaw | **Sızǵısh** |
| 6) bas qatardı abzactıń qalǵan qatarlarına salıstırǵanda shetleniw aralıǵın tańlaw | **Sızǵısh** |
| 7) abzactan aldın taslanatuǵın aralıqtı anıqlaw (punkt esabında) |  |
| 8) abzactan keyin taslanatuǵın aralıqtı anıqlaw ((punkt esabında) |  |
| 9) abzac qatarları aralıǵın tańlaw (bir, bir yarım, eki, minimum, anıq, kóbirek) |  |
| 10) abzacqa avtomat ráwishte tártip beriw (dizim payda etiw sıyaqlı) |  |

C) **Abzac parametrleri** qatnas aynası imkaniyatlarınan paydalanıladı. Bul qatnas aynası **Abzac** logikalıq toparındaǵı  belgisi járdeminde ashıladı. Qatnas aynası abzactıń tolıq parametrlerin **Abzac** qatnas aynasınıń 2 **Sheginisler hám aralıqlar** (Отступы и интервалы) hám **Bettegi jaǵdayı** (Положение на странице) qatlamlarında sáwlelendirgen.

## BETTIŃ TÁRTIP NOMERI

Bettiń tiykarǵı ózgeshelikleri aldın kórilgen edi. Bettiń ózgeshelikle-rinen jáne biri bettiń tártip nomeri bolıp tabıladı. Betlerge tártip nome-rin beriw ushın **Jaylastırıw** (Вставка) lentası **Kolontitullar** (Колонтитулы)

toparınıń Bettiń **tártip nomeri** (Номер страницы) túymesi tańlanadı. Nátiyjede tártip nomeriniń ornı hám formatın anıqlawǵa tiyisli tomendegi usınıslar sáwlelenedi:




Bul usınıslardan biri qabıl etilse, túrli formattaǵı imkaniyatlar ashıladı. Ádette, bettiń tártip nómeri bettiń tómenine jaylastırıladı.

## SORAW HÁM TAPSİRMALAR

1. Hújjetti formatlaw degende neni túsinesiz?
2. Teksttiń belgilengen bólegindegi jazıwdıń kórinisin ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
3. Teksttiń belgilengen bólegindegi shrifttiń ólshemi hám reńin ózgertiwdi ámelde kórsetiń?
4. Tekstti formatlaw degende neni túsinesiz?
5. Tekstti formatlaw imkaniyatların ámelde kórsetip beriń.
6. Abzac formatlanǵanda qanday ózgeshelikler ózgeredi?
7. Abzactı formatlaw imkaniyatların ámelde kórsetip beriń.
8. Tekstke túrli kóriniste ramkalar beriw imkaniyatların ámelde kórsetip beriń.
9. Betke tártip nomerin jaylastırıw imkaniyatların ámelde kórsetip beriń.

## SHİNİĠİWLAR

1. «Meniń Watanım — Ózbekistan» atlı hújjettiń bet, shrift hám abzac formatların ózgertiń. Teksttegi barlıq «Ózbekistan» sózleri qızǵılt-sarı reńde sáwlelensin. Hújjetke bettiń tártip nomerin qoyıń.
2. «Ómirbayan2» hám «Biziń shańaraq» atlı hújjetlerdiń formatın ózgertiń. Hár bir hújjet ushın óz aldına tártip nomerin qoyıń.

3. Tómendegi kóriniste tekst payda etiń hám hújjetti «Formatlaw» atı menen saqlań:

**Tayar** tekst *bólimin* formatlaw ushın **bloktan** **paydalanıw** **múmkin**. Bunıń ushın **tekst** bólimi belgilenedi hám kerekli formatlawlar orınlanadı. Tekst bólegine formatlawdı qollanıw ushın tómendegi imkaniyatlardan da paydalanıw múmkin:

a) sózdi formatlaw ushın **júrgish** sóz ishine **jaylastırılıwı** jetkilikli;
b) abzactı **formatlaw** ushın **júrgishtiń** abzac ishine jaylastırılıwı jetkilikli.

4. Dápterińizge «Mámleketimiz bayrağınıń sıpatlaması» atlı tekst jazıń. Tekst jazıwdan aldın joba dúziń. Teksttiń sońında teksttegi sózlerge tásir ettiriletuğın shrift hám abzac ózgeshelikleri, betke tásir ettiriletuğın bettiń ózgesheliklerin kórsetip ótiń.

## 8-sabaq

## HÚJJETTI REDAKTORLAW HÁM FORMATLAWĞA TIYISLI SHÍNÍĞÍWLAR

1. Úyde tayarlağan tekstińiz tiykarında «Meniń doslarım» atlı hújjet tayarlań. Tekst mazmunın redaktorlań hám hújjet (bet, abzac, shrift) formatın ózgertiń. Hújjetti «Men hám doslarım» ataması menen qayta saqlań.
2. Úyde tayarlağan tekstińiz tiykarında «Mámleketimiz bayrağınıń sıpatlaması» atamasında hújjet tayarlań. Hújjetti redaktorlań hám jobańız tiykarında (bet, abzac, shrift) formatın ózgertiń.
3. MS Wordta tómendegi temalardan birewine sáykes kishi gúrriń jazıń, usı atamada saqlań, redaktorlań hám (bet, abzac, shrift) formatın ózgertiń.
   a) «Ássalam, Nawrız!»
   b) «Altın gúz».
   d) «Suw — tirishilik deregi».
   e) «Salamat denede sap aqıl».
4. Tómendegi temalardan birin tańlap dápterińizge usı atamada tekst jazıń. Teksttiń sońında teksttegi sózlerge tásir ettiriletuğın

shrift hám abzac ózgeshelikleri, betke tásir ettiriletuǵın bet ózgesheliklerin kórsetip ótiń.

a) «Meniń mektebim».

b) «Kitap bilim shıraǵı».

d) «Mektep bilim oshaǵı».

5. Tómendegi testlerdi talqılań hám juwabın anıqlań.

1) MS Wordta tekst jazıw qaǵıydalarına tiyisli pikirdi tabıń.

A) usı qatardıń aqırına ótiw ushın Home klavishi basıladı;

B) jańa abzacqa ótiw ushın ENTER klavishi basıladı;

D) usı qatardıń basına ótiw ushın ENTER klavishi basıladı;

E) barlıq juwap durıs.

2) MS Wordta tekst jazıw qaǵıydalarına tiyisli durıs pikirdi tabıń.

A) qatań probel jaylastırıw ushın Ctrl+Shift+Probel klavishleri birgelikte basıladı;

B) defis belgisi probellersiz jazıladı;

D) uzın tire eki tárepinen probeller menen ajıratıladı;

E) Barlıq juwap durıs.

3) MS Word hújjetlerinde qatardıń sońına ótiw qalay orınlanadı?

A) Ctrl+Home klavishlerin basıw arqalı;

B) Home klavishin basıw arqalı;

D) End klavishi járdeminde;

E) Ctrl+End klavishleri járdeminde.

4) Hújjetti tolıq belgilew qalay ámelge asırıladı?

A) Ctrl+A klavishleri birgelikte basıladı;

B) Alt+A klavishleri birgelikte basıladı;

D) Ctrl+Alt+A klavishleri birgelikte basıladı;

E) Shift+A klavishleri birgelikte basıladı.

5) Wordta shrift formatına neler kiredi?

A) reńi; B) ólshemi;

D) sızılma kórinisi; E) barlıǵı.

6) Shrift sózi qalıń jazıw kórinisinde berilgen juwaptı tabıń.

A) **Shrift**; B) *Shrift*; D) <u>Shrift</u>; E) Shrift.

7) Abzac qatarları arasındaǵı aralıqtı tańlaw qaysı túyme járdeminde ámelge asırıladı?

A)  B)  D)  E) 

9-sabaq

# HÚJJETLERDE SÚWRETLER MENEN ISLEW

Ayrım hújjetlerdi tayarlawda keste hám súwretlerden de paydalanıladı. Gazeta, jurnal yaki kitap betlerinde bunday jaǵdaydı kóp ushıratqansız. Sonıń ishinde qolıńızdaǵı sabaqlıq betlerinde de hár túrli súwret hám kesteler bar. Hár qıylı sızılma hám súwretler hújjetlerdiń kórgizbeli, qızıqlı hám túsinikli bolıwına xızmet etedi.

*Gilt sózler:* **kartina jaylastırıw, súwret jaylastırıw, súwret formatı.**

## SÚWRET JAYLASTÍRÍW IMKANIYATÍ

Tekst mazmunın bayıtıw maqsetinde hújjetke súwretler yamasa fotosúwretler jaylastırıw múmkin. Bunıń ushın dáslep júrgish súwret jaylastırıw kerek bolǵan jerge ornatıladı, soń **Jaylastırıw** (Вставка) lentasınıń **Illyustraciyalar** (Иллюстрации) toparına múrájat qılınadı.




Súwretler 2 túrli derekten jaylastırılıwı múmkin:

| | |
|---|---|
| MS Word kollekciyasınan | **Kartinka** (Картинка) túymesi járdeminde |
| Súwret faylınan | **Súwret** (Рисунок) túymesi járdeminde |

## KOLLEKCIYADAǴÍ KARTINKANÍ HÚJJETKE JAYLASTÍRÍW




Kollekciyadaǵı kartinkalardı hújjetke jaylastırıw ushın **Illyustraciyalar** (Иллюстрации) toparındaǵı **Kartinka** (Картинка) túymesi tańlanǵannan soń, aynanıń oń bóliminde kartinka hám eskizlerdi tańlaw ushın wazıypalar oblastı ashıladı.

Ádette, wazıypalar oblastınıń **Obyektlerdi izlew** (Искать объекты) tańlaw maydanshasında

**Barlıq multimediya fayllar** (Все файлы мультимедиа) sáwlelenip, programma tárepinen jaylastırılıwı kózde tutılǵan illyustraciyalar hám fotosúwretler tańlanǵan boladı:




Wazıypalar oblastındaǵı **Baslaw** (Начать) túymesi tańlanǵanda kollekciyadan tańlanǵan túrlerge sáykes barlıq kartinkalar eskizler kórinisinde sáwlelenedi. Kartinka jaylastırıw ushın eskizlerdi betlep tıshqan járdeminde kereklisi tańlanıwı jetkilikli:




Tańlaw nátiyjesi:

MS Word kollekciyasındaǵı kartinkalar temalar boyınsha toparlarǵa baylanısqan bolıp, bul baylanıstı tıshqan kórsetkishi eskizge baǵdarlanǵanda sáwlelengen túsindirmeden (joqarıdaǵı súwrette tema: дома, здания, озера, реки) kóriw múmkin.

Bunday etip toparǵa bóliw tema boyınsha súwretlerdi izlew imkaniyatın beredi. Tómendegi súwret tańlaw maydanshasına **kásip** (профессия) teması kirgiziliwi tiykarındaǵı izlew nátiyjesin sáwlelendirgen (**Искать:** профессия):




Júzden aslam súwretlerdiń ishinen kereklisin izlep tabıwdı tezlestiriw ushın olardı temalar boyınsha kórip shıǵıw maqsetke muwapıq ekenligi tábiyiy.

## HÚJJETKE SÚWRETTI FAYLDAN JAYLASTÍRÍW

Hújjetke yadtaǵı (kompyuterdiń tiykarǵı yadındaǵı yamasa sırtqı yadlardaǵı) súwretli fayllar hám fotosúwretler jaylastırıw ushın **Illyustraciyalar** (Иллюстрации) toparınıń **Súwret** (Рисунок) túymesi tańlanadı. Ashılǵan **Súwret jaylastırıw** (Вставка рисунок) qatnas aynası járdeminde kerekli fayl belgilenedi (Paint programmasında súwretti ashıw imkaniyatların esleń). Kerekli súwretli fayl tańlanǵannan soń, onı jaylastırıw ushın **Jaylastırıw** (Вставить) túymesin tańlaw jetkilikli.

# HÚJJETTEGI SÚWRET FORMATÍN ÓZGERTIW



Hújjette súwret tekst penen uyǵınlasıp jaylasıwı ushın kóp jaǵdaylarda súwrettiń **ólshemleri** hám **jaylasıw jagdayı**n, yaǵnıy formatın ózgertiw kerek boladı. Hújjetke jaylastırılǵan súwrettiń formatın ózgertiw ushın dáslep tiyisli súwret tıshqan járdeminde belgilep alınadı. Nátiyjede belgilengen súwret átirapı (shegarası) sızıq penen qorshaladı.

Ol tuwrı tórtmúyeshlik túrinde bolıp, ushları hám tárepleriniń ortalarında súwrettiń ólshemin ózgertiw múmkinshiligin beretuǵın noqatları bar. Tıshqannıń kórsetkishin usı noqatlardıń birewiniń ústine alıp kelip, shep túymesi basılǵan halda qanday da bir tárepke jıljıtılsa, súwret kishireyedi yamasa, kerisinshe, úlkeyedi. **Belgilengen súwretten nusqa kóshiriw yamasa onı óshiriw belgilengen tekstlerdi nusqalaw hám óshiriw sıyaqlı ámelge asırıladı.**




**Wordta súwret sızılǵanda yamasa belgilengende programmanıń Súwret penen islew (**Работа с рисунками**) kontekst-menyui jedellesedi.**

**Súwret penen islew** (Работа с рисунками) kontekst-menyui tomendegi logikalıq toparlardan ibarat:

| Toparlar | Kórinisi |
|---|---|
| **Ózgerisler**<br>(Изменение) |   |
| **Súwretlerdiń usılları**<br>(Стили рисунков) |   |
| **Tártiplestiriw**<br>(Упорядочить) |   |
| **Ólshem**<br>(Размер) |   |

➢ **Ózgerisler** (Изменение) topar*ı* súwrettiń fonına, reńniń anıqlıǵı hám toyınǵanlıǵına tásir etiw imkaniyatın beredi.

➢ **Súwret usılları** (Стили рисунков) toparı súwret shegarası hám sáwleleniw usılların ózgertiw imkaniyatın beredi.

➢ **Tártiplestiriw** (Упорядочить) toparı súwretti bette tekstke hám basqa súwretke baylanısıwın hám jaylasıwın tańlaw, súwretti burıw hám sáwlelendiriw, bir neshe súwretti birlestiriw yamasa birlestirilgen súwretlerdi ajıratıw imkaniyatın beredi. Máselen, topardıń **Tekst penen uyǵınlıǵı** (Обтекание текстом) túymesi súwretti tekstke jaylastırıwdıń tómendegi jaǵdayların tıshqan járdeminde tańlaw imkaniyatın beredi:

| Súwret **tekst arasında**<br>(В тексте) | Tekst **ramka átirapında**<br>(Вокруг рамки) | Tekst súwret **konturı boylap**<br>(По контуру) | Tekst **ótip ketiwshi**<br>(Сквозное) |
|---|---|---|---|
| 1 2 3 4  5 6<br>klass |  1 2 3 4 5 6<br>klass |  1 2 3 4 5 6<br>klass |  1 2 3 4 5 6<br>klass |

| Tekst súwrettiń **joqarısında hám tómeninde**<br>(Сверху и снизу) | Súwret **Teksttiń artında**<br>(За текстом) | Súwret **teksttiń aldında**<br>(Перед текстом) |
|---|---|---|
| 1 2 3 4 5 6 klass<br><br>1 2 3 4 5 6 klass |  1 2 3 4 5 6<br>klass |  1 2 3 4 5 6<br>klass |

Sonı aytıp ótiw kerek, tekst arasında halatında súwret teksttiń ajıralmas bólegi (shrift) sıpatında jaylasadı. Onı bettegi qatarlar boylap teksttiń bir bólegi sıpatında jılıstırıwǵa boladı. Al, qalǵan jaǵdaylarda súwret teksten bólek bolıp, onı bettiń qálegen jerine jaylastırıw múmkin.

➢ **Ólshem** (Размер) toparı súwret ólshemlerin ózgertiw, hár qıylı formalar kórinisinde bólegin qırqıw imkaniyatın beredi

## SORAW HÁM TAPSİRMALAR

1. Tekstli hújjetlerge ne ushın súwret jaylastırıladı?
2. Hújjetlerge súwretler qanday dereklerden jaylastırıladı?
3. Hújjetlerde súwret jaylastırıw kerek bolǵan orın qalay kórsetiledi?
4. Word tekst processorında hújjetke súwret jaylastırıw ushın qanday ámeller orınlanadı?
5. Word kollekciyasınan súwretti «Архитектура» teması boyınsha izlewdi ámelde kórsetiń.
6. Hújjettegi súwret qalay belgilenedi?
7. Hújjettegi súwretten nusqa kóshiriw hám jaylastırıwdı ámelde kórsetiń.
8. Hújjettegi súwretti qalay etip óshiriw múmkin?
9. Hújjettegi súwrettiń ólshemleri qalay ózgertiledi?

## SHİNİǴİWLAR

1. «Biziń shańaraq» temasında saqlanǵan hújjetke hár bir shańaraq aǵzasın iyelegen kásibi yamasa qızıqqan kásibine sáykes súwretler jaylastırıń hám formatların ózgertiń.
2. «Men hám doslarım» ataması menen saqlanǵan hújjetke tema mazmunına tiyisli súwretler jaylastırıń hám formatların ózgertiń.
3. Wordta tómendegi kórinisti payda etiń hám «Súwret formatı» ataması menen saqlań.



4. Dápterińizge «Paintta súwret sızıw» atlı tekst jazıń. Tekstte Paint programması imkaniyatı, úskeneler panelindegi úskenelerdiń wazıypası hám olar payda etetuǵın formalar sáwlelensin. Sızılmalardıń reńin túrlishe tańlań.

10-sabaq

# HÚJJETLERDE FIGURALAR HÁM SÍZÍLMALAR

Hújjet mazmunlı hám shıraylı bolıwı ushın tekstke geyde figura yamasa súwret jaylastırıw kerek boladı. Eger ol Word kollekciyasında bolmasa she? Onday jaǵdayda siz Paint programmasınan paydalanıwıńız múmkin. Biraq, Word programmasınıń figura hám sızılma sızıw múmkinshilikleri de bar, onnan paydalanıw jumısıńızdı birqansha ań satlastıradı. Bul sabaqtaǵı kóplegen ámeller sizge Paint programmasınan belgili bolǵanı ushın olardı orınlaw qıyın bolmaydı.

*Gilt sózler:* **figura jaylastırıw, figuranıń formatı, figuralardı birlestiriw.**

## SÍZÍW IMKANIYATLARÍ

Biz aldınǵı sabaqlarda tekstli hújjetlerge súwretlerdi jaylastırıwdı kórip shıqtıq. Quramalı bolmaǵan sızılmalardı tekst processorınıń múmkinshiliklerinen paydalanıp ta sızıw múmkin. Bul jumıstı **Jaylastırıw** (Вставка) lentasınıń Illyustraciyalar (Иллюстрации) toparındaǵı Figuralar (Фигуры) bóliminiń dizimi járdeminde orınlaw múmkin.

Ashılǵan dizimde tómendegi túrdegi figuralar jaylastırıw imkaniyatı jámlengen:

| Aqırǵı qollanılǵan figuralar | Sızıqlar | Tuwrı tórtmúyeshlikler |
|---|---|---|
|  |  |  |
| Tiykarǵı figuralar | Figuralı strelkalar | Formula ushın figuralar |
|  |  |  |
| Blok-sxemalar | Juldızlar hám lentalar | Figuralı silteme |
|  |  |  |

## FIGURANÍ FORMATLAWDÍŃ AYÍRÍM IMKANIYATLARÍ

MS Wordta figura sızılǵanda yamasa belgilengende programmanıń **Sızıw quralları-Format** (Средства рисования-Формат) kontekst-menyui jedellesedi. Eger **Sızıw quralları** kontekst-menyui tańlansa, ol jaǵdayda ashılǵan lentada sizge tanıs bolǵan **Tártiplestiriw** (Упорядочить) hám **Ólshem** (Размер) toparlarına qosımsha figuranı formatlawǵa tiyisli tómendegi toparlar sáwlelenedi:

| Toparlar | Kórinisi |
|---|---|
| **Figura jaylastırıw** (Вставка фигур) |   |
| **Figura usılları** (Стили фигур) |   |
| **WordArt usılları** (Стили WordArt) |   |
| **Tekst** (Текст) |   |

**Figura jaylastırıw** (Вставка фигур) toparı járdeminde keyingi figuralardı jaylastırıw múmkin boladı.

**Figura usılları** (Стили фигур) toparı figura hám onıń ishinde tekstti sáwlelendiriw usılların ózgertiw, figura ishi hám shegarasın boyawdıń túrli imkaniyatların beredi.

**WordArt usılları** (Стили WordArt) toparı tekstti sánli súwret kórinisinde sáwlelendiriwge tiyisli arnawlı tekst effektlerin qollanıw imkaniyatların beredi.

**Tekst** (Текст) topari teksttiń figura ishinde jaylasıw baǵıtı hám vertikal tegisleniw imkaniyatların beredi.

## FIGURA JAYLASTÍRÍW HÁM FORMATTÍ ÓZGERTIW

Betke figura jaylastırıw Paint programması siyaqlı figura tańlaw, figuranı jaylastırıw hám formatın ózgertiw sıyaqlı qádemlerdi óz ishine aladı.

Figura jaylastırıw, sızılma sızıw hám jaylastırılǵan figura kórinisin ózgertiwdiń ayırım imkaniyatların tómendegi proceste kórip shıǵamız.

| Orınlanıp atırǵan háreketler | Nátiyje |
|---|---|
| 1. **Figuralar** bólimi dizimindegi **Tiykarǵı figuralar** toparınan **Ay** (Месяц)  túymesin tańlaymız. | Tıshqan kórsetkishi + kórinisine keledi. |
| 2. Tıshqan kórsetkishi sızılma baslanıwı kerek bolǵán noqatqa baǵdarlanǵannan keyin shep túymesin basıp turamız. Tıshqandı jıljıtıp kórsetkishin kerekli baǵıtta háreketlendiremiz. Sızıwdı toqtatıw ushın tıshqanınıń túymesin jiberemiz. Usı figuranı jáne 2 ret sızamız (yamasa nusqalaymız). |  |
| 3. 1-súwret hám 3-súwretlerdegi aydıń súwretleriniń keńligin ózgertemiz. Bunıń ushın súwretler belgilengende sáwlelengen sarı romb kórinisindegi markerge  tıshqansha kórsetkishin baǵıtlap, tıshqannıń shep túymesin basıp turǵan jaǵdayda 1-súwret ushın shepke, 2-súwret ushın ońǵa jılıstıramız. |  |
| 4. 1-súwretti belgilep **Sızıw quralları-Format** kontekst-menyu lentasınıń **Figura usılları** logikalıq toparınan **Figura effektleri** (Эффекты фигур)  túymesin tańlaymız. Ashılǵan dizimniń Relef (Рельеф) túymesi diziminen Múyesh (Угол)  kórinisin tańlaymiz. |  |

| | |
|---|---|
| 5. Joqarıdağı 4-bánttegi usılda 2-súwret ushın **Ar deko** (Ар деко), al 3-súwret ushın **Qıya** (Наклон) kórinisin tańlaymız. |  |
| 6. 3-súwretti belgilep **Sızıw quralları-Format** kontekst-menyu lentasındağı **Figuranı qaplaw** (Заливка фигуры) túymesi diziminen **Súwret** (Рисунок) túymesin tańlaymız. Ashılğan qatnas aynasınan qandayda bir súwretti tańlap **Jaylastırılsın** (Вставить) túymesin tańlaymız. |  |
| 7. 2-súwretti belgilep **Sızıw quralları-Format** kontekst-menyu lentasındağı **Figuranı qaplaw** (Заливка фигуры) túymesi diziminen Tekstura (Текстура) túymesin tańlaymız. Ashılğan dizimnen **Suw tamshıları** (Водяные капли) teksturasın tańlaymız. |  |
| 8. 1-súwretti belgilep **Sızıw quralları-Format** kontekst-menyu lentasındağı **Figuranı qaplaw** (Заливка фигуры) túymesi diziminen **Gradiyent** (Градиентная) túymesin tań laymız. Ashılğan dizimnen **Oraydan** (Из центра) túymesin tańlaymız. |  |

Jaylastırılğan figuralardıń tekstke jaylasıw halatı súwretlerdegi sıyaqlı anıqlanadı.

## FIGURALARDÍ BIRIKTIRIW

Bettegi jaylastırılğan bir neshe figuradan sızılma payda etiw múmkin. Biraq figuralardıń ornı tekstke jaylasıw halatına baylanıslı ráwishte ózgerip ketiwi hám sızılma kórinisi buzılıwı múmkin. Sızılma kórinisi buzılmawı ushın, ádette, figuralar birlestirilip tutas sızılma payda etiledi. Mısalı, «Úy» sızılmasın tómendegishe payda etiw múmkin.

| | |
|---|---|
| 1. **Figuralar** bólimi dizimindegi **Tuwrı tórtmúyeshlikler** toparınan **Tuwrı tórtmúyeshlik** (Прямоугольник) túymesin tańlaymız hám tórtmúyeshlik sızamız. Bul figura **Tekst ústinde** halatında sızıladı. |  |
| 2. **Sızıw quralları-Format** kontekst-menyu túymesindegi **Figura jaylastırıw** (Вставка фигур) logikalıq toparınıń **Tiykarǵı figuralar** toparınan **Teń qaptallı úshmúyeshlik** (Равнобедренный треугольник) túymesin tańlaymız hám úshmúyeshlik sızamız. Bul figurada **Tekst ústinde** halatında sızıladı. |  |
| 3. a) úshmúyeshlik figurasın baǵıtlaw klavishleri yamasa tıshqan járdeminde jıljıtıp tuwrı tórtmúyeshlik figurasınıń ústine jaylastıramız.<br>b) endi Shift klavishin basqan jaǵdayda tıshqan járdeminde eki figuranı tańlaymız.<br>d) **Sızıw qualları-Format** kontekst-menyu lentasındaǵı **Tártiplestiriw** (Упорядочить) toparınıń **Toparlaw** (Группировать) bóliminen **Toparlaw** túymesin tańlaymız. |  |

**Figuralardı tutas sızılma kórinisinde biriktiriw ushın figuralardıń tekstke salıstırǵandaǵı halatı tekst arasında bolmawı shárt!**

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Word tekst processorında figuralar sızıw ushın qaysı úskeneler panelinen paydalanıladı?
2. Word tekst processorında qanday figuralar sızıw múmkin?
3. Word tekst processorında tuwrı sızıq sızıw, qalıńlıǵı, reńi hám shtrix túrin kórsetiwdi ámelde kórsetiń.
4. Word tekst processorında tuwrı tórtmúyeshlik sızıw, boyaw, shegara reńi hám shtrix túrin ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
5. Wordta oval sızıw hám ishine tekst jazıw, formatın ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
6. Wordta figuranıń ishin boyaw usılların ámelde kórsetiń.
7. Wordta sızılmalardı sáwlelendiriw imkaniyatın ámelde kórsetiń?
8. Wordta figuralar qalay burıladı? Ámelde kórsetiń.
9. Wordta sızılmalardı biriktiriw imkaniyatın ámelde kórsetiń.

## SHİNIĠIWLAR

1. Sızıq hám tórtmúyeshlik sızıw ámellerinen paydalanıp, Robottıń súwretin sızıń.
2. Súwret salıw ámellerinen paydalanıp, kompyuterdiń súwretin sızıń.
3. Tómendegi kórinistegi úydiń súwretin sızıń.



4. Nusqa kóshiriw járdeminde tómendegi izbe-izlikte figuralardı payda etiń.




5. «Paintqa súwret salıw» atlı tekstińizdegi figuralardı MS Word imkaniyatınan paydalanıp sızıń hám «Paint hám Word» ataması menen saqlań.
6. Dápterińizge «Paint hám Word imkaniyatları» atlı bas qatar astında usı eki programmanıń figura sızıw imkaniyatların salıstırıwshı keste dúziń. Kestede figuralar sızıp, programmalarǵa sáykes ráwishte sızıw «Ańsat» hám «Qıyın» yamasa «Múmkin emes» syaqlı juwaplardı jazıń.

## 11-sabaq

# SÚWRET HÁM SÍZÍLMALARǴA BAYLANÍSLÍ ÁMELIY SABAQ

1. «Mámleketimiz bayraǵınıń sipatlaması» ataması menen saqlanǵan hújjetke bayraǵımızdıń súwretin (juldızlarsız) sızıń hám sáykes reńler menen boyań.
2. Wordta formatlaw imkaniyatı tásirinde A súwretten tómendegi kestedegi B hám G súwretlerdi payda etiń hám «Súwret» hám format» ataması menen saqlań.

| A | B | G |
|---|---|---|
|  |  |  |

3. «Kompyuter bólmesi» atamasında tek súwretten ibarat hújjet dúziń, albom beti kórinisine ótkeriń. Hújjette kompyuter bólmesiniń tereze tárepindegi diywal sáwlelengen súwretti Wordtıń imkaniyatlarınan paydalanıp sızıń.
4. Word imkaniyatlarınan paydalanıp tómendegi súwretlerdi sızıń.



5. Dápterińizge «Kesteler» atlı tekst jazıń. Tekst mazmunında ózińiz ushıratqan (máselen, kúndelikli dápterdegi yamasa mekteptegi sabaq kestesi, klass jurnalı) kesteler kórinisi hám qısqa túsindirme sáwlelensin. Kestedegi qatarlar, súwret yamasa tekstlerdiń reńin túrlishe tańlań.

6. Tómendegi testlerdi talqılań hám juwabın anıqlań.

1) Súwret formatına neler kiredi?

A) ólshemi; B) jaylasıw halatı;
D) reńi; E) barlıq juwaplar durıs.

2) Wordta súwretti tekstte qanday halatlarda jaylastırıw múmkin?

A) tekst arasında; B) ramka átirapında;
D) kontur boylap; E) barlıq juwaplar durıs.

3) Wordta dóńgelek figuranı sızıw ushın qaysı túyme hám klavish birgelikte qollanıladı?

A) Oval hám Ctrl; B) Oval hám Shift;
D) Iyrek sızıq hám Ctrl; E) Iyrek sızıq hám Shift.

## 12-sabaq

## HÚJJETLERDE KESTELER MENEN ISLEW

Ámelde hújjetlerge súwretler menen bir qatarda kesteler de jaylastırıwǵa tuwrı keledi. Kesteler hár qıylı bolıwı múmkin. Mısalı, mektebińizdegi sabaq kestesi, kúndelik dápterińiz yamasa klass jurnalınıń beti, qanday da bir futbol turniriniń kestesi hám taǵı basqalar. Bul kestelerdiń kórinisi de, mazmunı da hár qıylı bolǵanı menen olardıń barlıǵı da belgili muǵdarda baǵana hám qatarlardan dúzilgen boladı.

*Gilt sózler:* **keste túsinigi, keste jaylastırıw, kesteler ústinde ámeller.**

### KESTE HAQQÍNDA TÚSINIK

Qálegen keste ***n baǵana*** hám ***m qatar***dan ibarat boladı. Olar óz gezeginde keteksheleerden dúziledi. Kesteniń tiykarǵı elementi — bul **katekshe.** Wordta kateksheni ózine tán ***mikrohújjet*** dewge boladı. Ketekshege tekst

jazıw, onı formatlaw, hátteki oğan súwretler de jaylastırıwğa boladı. Mısal ushın Wordta dúzilgen tómendegi 3 bağanalı hám 4 qatarlı, keteksheler sanı 12 (3·4=12) bolğan kesteni keltiremiz:

| Tártip qatarı | Súwreti | Wazıypası |
|---|---|---|
| 1. |  | Ústine hárip, san hám basqa belgiler jazılğan klavishlerden ibarat, onıń járdeminde kompyuterge hár qıylı mağlıwmat hám buyrıqlar kirgiziledi. |
| 2. |  | Qurılma televizor ekranına uqsas wazıypanı orınlaydı, yağnıy sızılıp atırğan súwret, jazılıp atırğan háripler, kórilip atırğan film onda kórinip turadı. |
| 3. |  | Kompyuterdi qolay usılda basqarıw, ayırım jumıslardı ańsat orınlaw ushın mólsherlengen qurılma. |

## WORDTA KESTE JAYLASTÍRÍW

Keste jaylastırıw ushın **Jaylastırıw** (Вставка) lentasınıń **Keste** (Таблица) toparınan **Keste** 

túymesi tańlanadı. Ashılğan tańlaw aynası tómendegi imkaniyatlardı usınıs etedi:



Aytayıq, joqarıdaǵı 3 baǵanalı hám 4 qatarlı (jańa, 3x4 keste) kesteni dúziw kerek bolsın. MS Wordta bul kesteni dúziw procesin kórip shıǵamız.

| Orınlanıp atırǵan háreketler | Kórinisi |
|---|---|
| **1-usıl. Keste jaylastırıw** (Вставка таблицы) bóliminen tıshqan kórsetkishin 3 hám 4 qatar ústinde jıljıtıp (belgilep) tańlaymız hám shep túymesin basamız. |  |
| **2-usıl. Keste jaylastırılsın** (Вставить таблицу…) túymesin tańlaymız. Ashılǵan **Keste jaylastırıw** (Вставка таблицы) qatnas aynasında baǵana sanın 3, qatar sanın 4 dep tańlaymız |  |

Nátiyjede tómendegi kórinistegi keste payda boladı:

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

## WORD KESTESI ÚSTINDE AYÍRÍM ÁMELLER

1. Birinshi qatar ketekshelerine, ádette, baǵanalarda jaylasqan maǵlıwmatlar ushın temalar, al birinshi baǵanaǵa tártip qatarları jazıladı. Kesteniń keteksheleri maǵlıwmatlar menen toltırıladı. Bunıń ushın júrgish tıshqan járdeminde kerekli ketekshege jaylastırıladı hám zárúrligine qarap **Tab** yamasa baǵıtlaw klavishleri járdeminde basqa ketekshelerge ótkeriledi.

| Tártip qatarı | Súwreti | Wazıypası |
|---|---|---|
| 1. |  | Ústine hárip, san hám basqa belgiler jazılǵan klavishlerden ibarat, onıń járdeminde kompyuterge hár qıylı maǵlıwmat hám buyrıqlar kirgiziledi. |
| 2. |  | Qurılma televizor ekranına uqsas wazıypanı orınlaydı, yaǵnıy sızılıp atırǵan súwret, jazılıp atırǵan háripler, kórilip atırǵan film onda kórinip turadı. |
| 3. |  | Kompyuterdi qolay usılda basqarıw, ayırım jumıslardı ańsat orınlaw ushın mólsherlengen qurılma. |

2. Kestedegi maǵlıwmatlardıń kólemine qarap baǵanalardıń eni ózgertiledi. Bunıń ushın tıshqannıń kórsetkishi baǵanalardıń shegara sızıǵına alıp kelinedi. Tıshqanshanıń kórsetkishi  kórinisine kelgennen keyin shep túymesi basılǵan halda kerekli tárepke jıljıtıladı. Nátiyjede kestemiz tómendegi kóriniske keledi:

| Tártip qatarı | Súwreti | Atı | Wazıypası |
|---|---|---|---|
| 1. |  | Klaviatura | Ústine hárip, san hám basqa belgiler jazılǵan klavishlerden ibarat, onıń járdeminde kompyuterge hár qıylı maǵlıwmat hám buyrıqlar kirgiziledi. |
| 2. |  | Monitor | Qurılma televizor ekranına uqsas wazıypanı orınlaydı, yaǵnıy sızılıp atırǵan súwret, jazılıp atırǵan háripler, kórilip atırǵan film onda kórinip turadı. |
| 3. |  | Tıshqan | Kompyuterdi qolay usılda basqarıw, ayırım jumıslardı ańsat orınlaw ushın mólsherlengen qurılma. |

# KESTE MENEN ISLEW KONTEKST MENYUI

Keste keteksheseine júrgish jaylastırılǵannan soń Keste menen islew (Работа с таблицами) kontekst menyui jedellesedi. Bul kontekst-menyu 2 **Konstruktor** (Конструктор) hám **Maket** (Макет) lentaları menen baylanısqan.

**Konstruktor** lentası keteksheniń ishin boyaw, keste usılların, keste elementleri shegarasına tán ózgertiwlerdi tańlaw, keste sızıw hámde sızıqlardı óshiriw imkaniyatların beredi:

| Toparlar | Kórinisi |
|---|---|
| **Kesteler usıllarınıń parametrleri** (Параметры стилей таблиц) |  |
| **Kestelerdiń usılları** (Стили таблиц) |  |
| **Keste shegaraların sızıw** (Рисования границ) |  |

**Maket** lentası **Kesteniń ózgeshelikleri** (Свойства таблицы) qatnas aynasın ashıw, reńsiz keteksheler sızıǵın sáwlelendiriw, kestege qatar hám baǵana qosıw yamasa óshiriw, keste keteksheleri yamasa qatarların biriktiriw, kekekshe ólshemlerin ózgertiw, kekekshelerdi bóliw, keteksheedegi maǵlıwmatlardı tegislew usılın hám tekst baǵıtın belgilew, maǵlıwmatlardı sortlaw, kestede-

gi sanlı mánisler ústinde formula tiykarında esap-sanaq jumısların orınlaw imkaniyatların beredi.

| **Keste**<br>(Таблица) | **Qatarlar hám baǵanalar**<br>(Строки и столбцы) | **Biriktiriw**<br>(Объединение) |
|---|---|---|
|  |  |  |
| **Ketekshe ólshemi**<br>(Размер ячейки) | **Tegislew**<br>(Выравнивание) | **Maǵlıwmatlar**<br>(Данные) |
|  |  |  |

Keste keteklerindegi maǵlıwmatlardı óz aldına yamasa birgelikte (blokqa alıp) formatlaw múmkin. Bunda maǵlıwmattıń jaylasıw usılı, ólshemleri, sızıq reńi hám kórinisi, ketekler fonınıń reńi hám basqalar **Konstruktor** hám **Maket** lentaları járdeminde ańsat ǵana orınlanadı.

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Kestelerge mısallar keltiriń.
2. Keste elementleri haqqında aytıp beriń.
3. Tekstli hújjetlerge kesteler ne ushın jaylastırıladı?
4. Hújjetlerde keste jaylastırıw kerek bolǵan orın qalay kórsetiledi?
5. Wordta hújjetlerge keste jaylastırıw usılların ámelde kórsetip beriń.
6. Hújjettegi kesteden nusqa qalay kóshiriledi?
7. Hújjettegi kesteni qalay óshiriw múmkin?
8. Hújjettegi kesteniń ózgeshelikleri qalay ózgertiledi?
9. Keste keteksheşine nelerdi jaylastırıw múmkin?
10. Keste baǵanalarınıń eni qalay ózgertiledi?
11. Keste qatarlarınıń biyikligi qalay ózgertiledi?
12. Kestedegi maǵlıwmatlar qalay tártiplestiriledi? Ámelde kórsetiń.
13. Keste qatarı, baǵanası hám keteksheleriniń fonın ózgertiwdi ámelde kórsetiń.

## *SHÍNÍĠÍWLAR*

1. «Biziń shańaraq» atlı hújjettiń dawamına shańaraq aǵzalarıńızdıń atı, familiyası hám tuwılǵan jılı haqqındaǵı maǵlıwmatlar jazılǵan keste dúziń. Bunda:

a) kestege maǵlıwmatlardı aldın tayarlanǵan tekstińizden nusqa alıp jaylastırıń:

b) maǵlıwmatlardı familiya boyınsha álipbeniń keri tártibinde jaylastırıń:

d) kestedegi maǵlıwmatlardı tuwılǵan jılı boyınsha ósiw tártibinde jaylastırıń.

e) kestedegi maǵlıwmatlardı jası boyınsha kemeyiw tártibinde jaylastırıń.

2. Tómendegi kóriniste keste dúziń:

| Tártiplestirilgen dizim | Tártiplestirilgen dizim | Markerli dizim | Markerli dizim |
|---|---|---|---|
| 1. Informatika<br>2. Matematika<br>3. Fizika | A) Informatika<br>B) Matematika<br>C) Fizika | • Informatika<br>• Matematika<br>• Fizika | ✓ Informatika<br>✓ Matematika<br>✓ Fizika |

3. «Kompyuter bólmesi» atlı hújjettiń dawamına usı bólmedegi mebellerdiń atları, sanı, reńleri kórsetilgen keste dúziń. Bul kesteden nusqa kóshiriń hám onı mebellerdiń atları boyınsha ósiw tártibinde jaylastırıń.

4. «Ómirbayan2» atlı hújjettiń dawamına qosıw ushın aldıńǵı sherekte pánlerden alǵan bahalarıńız kórsetilgen keste dúziń. Usı keste ólshemindegi keste sızıń hám oǵan pánlerdiń atları boyınsha ósiw tártibinde saylanǵan maǵlıwmatlar jazıń.

### 13-sabaq

# KESTELER ÚSTINDE ÁMELLER

Aldıńǵı sabaqta Wordta hújjetke keste jaylastırıw, keste baǵanalarınıń ólshemin ózgertiw hám tártiplestiriw sıyaqlı ámeller menen tanıstıńız. Bul sabaqta kestege jańa qatar yaki baǵana qosıw, qatar yamasa baǵananı alıp taslaw, keste keteksheлerin biriktiriw hám kerisinshe keste keteksheлerden kishkene ketekshelerge ajıratıw sıyaqlı ámellerdi orınlaw usılları menen tanısasız.

*Gilt sózler:* **keste, qatar hám baǵana qosıw, qatar hám baǵananı alıp taslaw, keteksheler di biriktiriw, keteklerdi bóliw.**

## KESTEGE JAŃA QATAR YAMASA BAǴANA QOSÍW

Kestege jańa qatar yamasa baǵana qosıw ushın dáslep júrgish qosılıwı tiyis bolǵan qatar yamasa baǵanaǵa qońsı qatar yamasa baǵanaǵa jaylastırıladı. **Maket** menyuiniń **Qatarlar hám baǵanalar** (Строки и столбцы) toparınan kerekli ámel tańlanadı, mısalı, eger qatar júrgish jaylasqan qatardan joqarıǵa qosılıw kerek bolsa, ol jaǵdayda **Joqarıǵa jaylastırılsın** (Вставить сверху) túymesi, eger baǵana júrgish jaylasqan baǵanadan shepke qosılıwı kerek bolsa, ol jaǵdayda **Shepke jaylastırılsın** (Вставить слева) túymesi tańlanadı.

## KESTEDEN QATARLAR YAMASA BAǴANALARDÍ ALÍP TASLAW

Geyde kestedegi zıyat qatar yamasa baǵananı óshiriw kerek boladı. Biraq, ápiwayı usılda olardı óshirip bolmaydı. Sonıń ushın tómendegishe ámeller orınlanadı.

Dáslep júrgish óshiriliwi kerek bolǵan qatar yamasa baǵanaǵa jaylastırıladı. Eger bir neshe qatar yamasa baǵana óshiriliwi kerek bolsa, qatarlar yamasa baǵanalar blokqa alınadı. **Maket** menyuiniń **Qatarlar hám baǵanalar** (Строки и столбцы) toparındaǵı **Óshirilsin** (Удалить) túymesi diziminen kerekli ámel tańlanadı, mısalı, eger qatar óshiriliwi kerek bolsa, ol jaǵdayda **Qatarlar óshirilsin** (Удалить строки) túymesi tańlanadı.

## KESTE KETEKSHELERIN BIRIKTIRIW

Ámeliy jumıs procesinde kesteniń bir neshe qatar hám baǵanasındaǵı tuwrı tórtmúyeshlik túrinde blokqa alınıwı múmkin bolǵan keteksheler di biriktiriw kerek boladı.

Keteksheler di biriktiriw ushın tómendegi ámeller izbe-iz orınlanadı:

| **Orınlanıp atırǵan háreketler** | **Nátiyjesi** |
|---|---|
| 1. Biriktiriliwi kerek bolǵan keteksheler di blokqa alamız. |  |
| 2. **Maket** lentasınıń **biriktiriw** (Объединение) toparındaǵı **Ketekler biriktirilsin** (Объединить ячейки) túymesi tańlanadı. |  |

## KESTE KETEKSHELERIN BÓLIW

Keste keteksheleriń kerekli sandaǵı ketekshelerge bóliw tómendegishe ámelge asırıladı.

1. Júrgish kerekli ketekshege jaylastırıladı yamasa kerekli qatarlar hám baǵanalar blokqa alınadı.

2. **Maket** lentasınıń **Biriktiriw** (Объединение) toparındaǵı **Keteksheler bólinsin** (Разбиение ячеек) túymesi tańlanadı.




3. Payda bolǵan qatnas aynasına payda etiliwi kerek bolǵan baǵana hám qatarlar sanı kirgiziledi. Bunda payda etiliwi kerek bolǵan qatarlar sanı qoń sı baǵanalardaǵı qatarlar sanınan artıq bolmawı hám qońsı baǵanalardaǵı qatarlar sanınıń bóliwshisi bolıwı kerek.

## KESTEDE TEKSTTIŃ BAǴÍTÍ

Kestede tekst gorizontal baǵıtta shepten ońǵa, tigine (vertikal) baǵıtta joqarıdan tómenge yamasa tómennen joqarıǵa jazılıwı múmkin. Bunıń ushın:

**1-usılda:**

1. Júrgish tekst jazılatuǵın ketekshege jaylastırıladı.

2. **Maket** lentasınıń **Tegislew** (Выранивание) toparındaǵı **Tekst baǵıtı** (Направление текста) túymesi kerekli baǵıt sáwlelengenshe bir neshe ret tańlanadı.

**2-usılda:**

1. Júrgish tekst jazılatuǵın ketekshege jaylastırıladı.

2. Tıshqannıń oń túymesin basıp, ekranǵa kontekst-menyu shıǵarıladı.




3. Ekranda sáwlelengen kestege sáykes kontekst-menyuden **Teksttiń baǵıtı** (Направление текста) ámeli tańlanadı. Nátiyjede ekranda **tekst baǵıtın tań law** qatnas aynası sáwlelenedi.

4. Ekranda sáwlelengen qatnas aynasınan teksttiń kerekli baǵıtı tań lanadı hám **Enter** klavishi basıladı yamasa tıshqan járdeminde **OK** túymesi tańlanadı.

## SORAW HÁM TAPSİRMALAR

1. Kesteler ústinde qanday ámeller orınlanadı?
2. Kestege jańa qatar yamasa baǵana qosıwdı ámelde kórsetip beriń.
3. Kesteden artıqsha baǵana yamasa qatarlar qalay alıp taslanadı?
4. Kestede blokqa alıw usılların ámelde kórsetiń?
5. Keste keteksheleri qalay biriktiriledi?
6. Keste keteksheleriń bóliwdi ámelde kórsetiń.
7. Keste keteksheleriindegi teksttiń baǵıtın ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
8. 2 x 3 keste dúziń hám baǵanaların hár túrli reńlerge boyań.
9. Kestedegi maǵlıwmatlardı qatarlar boyınsha hár túrli reńlerge boyań.

## SHİNİǴİWLAR

1. «Ómirbayan2» atlı hújjettiń dawamına aldıngı sherekte pánlerden alǵan bahalarıńız sáwlelengen kesteni jaylastırıń.
2. Tómendegi kesteni dúziń.

<table>
<tr><td></td><td colspan="3"></td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2"></td><td></td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2"></td><td></td><td colspan="2"></td></tr>
</table>

<table>
<tr><td rowspan="3"></td><td rowspan="3">MS Word</td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td><td rowspan="3">MS Word</td></tr>
<tr><td colspan="2">MS Word</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><td></td><td></td><td></td><td></td></tr>
<tr><td></td><td>BMA</td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td><td>BMA</td></tr>
</table>

<table>
<tr><th rowspan="3">Tártip qatarı</th><th rowspan="3">Familiyası, atı, ákesiniń atı</th><th rowspan="3">Tuwılǵan jılı</th><th colspan="4">Reyting balları</th><th rowspan="3">Jıllıq ball</th><th rowspan="3">Mákan jayı</th><th rowspan="3">Túsinik</th></tr>
<tr><th colspan="2">I yarım jıllıq</th><th colspan="2">II yarım jıllıq</th></tr>
<tr><th>1-sherek</th><th>2-sherek</th><th>3-sherek</th><th>4-sherek</th></tr>
<tr><td>1.</td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td></tr>
</table>

3. Dápterińizge «Formula hám ańlatpalar» temasın jazıń. Dawamına berilgen waqıt hám tezlikke tiykarınan asıp ótilgen jol formulasın, 2 teńleme, 3 salıstırıwǵa tiyisli ańlatpa jazıń.

## 14-sabaq
## WordART OBYEKTI

Wordtaǵı hújjet jáne de shıraylı bolıwı ushın oǵan sóz yaki tekst bólegin hár qıylı grafik túrinde súwretlew múmkinshiligin beretuǵın WordART obyektin jaylastırıw múmkin. Mısalı, WordART obyekti referat, maqalalarda atama yaki bolmasa temalar jazıwda qollanıladı.

*Gilt sózler:* **WordART obyekti, WordART kollekciyası, WordART obyektiniń formatı.**

## WordART KOLLEKCIYASÍ

WordART obyekti — bul sánli súwret kórinisindegi tekst bolıp, onıń járdeminde arnawlı tekst effektlerin qollanıw múmkin. Mısalı, tekstti awdırıw, sozıw, tekstti qanday da bir figura kórinisinde jaylastırıw yamasa tekstti hár qıylı usıllarda boyaw múmkin. Teksttiń kerekli jerine jıljıtıw yamasa ólshemlerin ózgertiw arqalı WordART obyektine dıqqattı tartıw múmkin.

Júrgish WordART obyektin jaylastırıw kerek bolǵan qatarǵa ornatılǵannan soń **Jaylastırıw** (Вставка) lentasınıń Tekst (Текст) toparındaǵı 

(WordArt) túymesi tańlanadı. Ashılǵan tómendegidey usıllar diziminen maqul bolǵan usıl tańlanadı, mısalı, Градиентная заливка – черная, контур – белый, тень снаружи:




Nátiyjede tekst kirgiziw ushın tómendegi kóriniste tekst maydanı sáwlelenedi:



Boyalıp turǵan jazıw maydanınıń ornına kerekli tekst kirgiziledi. Mısalı, **Ana-Watan — Ózbekistanım! Jayna, Ózbekistan!** Nátiyjede belgilenip turǵan tekst óship, ornına jańa terilgen tekst sáwlelenedi.




Payda bolǵan WordArt obyektine jedellesken **Sızıw quralları-Format** (Средства рисования-Формат) kontekst menyu lentası formatlaw imkaniyatların qollanıw múmkin boladı. Al, WordArt obyektine jazılǵan tekstke **Tekst baǵıtı** (Направление текста), **Tekst ólshemi** (Размер текста) hám **Tekst reńi** (Цвет текста), **Boyaw usılı** (Заливка текста), teksttiń sáwleleniw kórinisi sıyaqlı formatlawlardı qollanıw itibardı tartadı.

Tómendegi mısalda WordArt obyekti teksttiń sáwleleniw kórinisi sıpatlanǵan.

1.«Mektebimiz — maqtanıshımız!» tekstli WordArt obyektin jaylastıramız.

**Mektebimiz — maqtanıshımız!**

2. Teksttiń sáwleleniw kórinisin ózgertemiz. Bunıń ushın **Sızıw quralları-Format** (Средства рисования-Формат) kontekst menyu lentası **WordArt usılları** (Стили WordArt**)** toparınıń **Animaciya** (Анимация) túymesi dizimin ashıp, tómendegi (Преобразовать) túymesi diziminen **Halqa** (Кольцо) formasın tańlap alamız hám ólshemlerin óshiremiz:



Nátiyje tómendegishe sáwlelenedi:




## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. WordART obyekti qanday wazıypanı atqaradı?
2. WordART obyekti qanday usıllar menen jaylastırıladı?
3. WordART usılları (Стили WordArt) topari qanday imkaniyatlar beredi?
4. WordART obyektiniń formasın ózgertiwdi ámelde kórsetiń.
5. Informatika páninen referat ushın muqaba (sırtqı betin) tayarlań.
6. WordARTta tayarlanǵan obyektti erkin burıwdı ámelde kórsetiń.
7. WordARTta tayarlanǵan obyekttiń formatın ózgertiwdi ámelde kórsetiń

## *SHİNİĞİWLAR*

1. «Meniń Watanım — Ózbekistan» atlı hújjet dawamına tómendegi WordArt obyektin jaylastırıń.




2. «WordArt» atlı hújjet payda etiń. Onda tómendegi WordArt obyektin 5 nusqada payda etiń. Hár bir nusqaǵa hár qıylı formatlaw usılların qollanıń.




3. Dápteriińizdegi «Formula hám ańlatpalar» temasındaǵı teksttiń dawamına fizika páninen óziińiz biletuǵın formulalardı jazıń. Hár bir formula astına formulada qatnasqan shamalarǵa túsindirme kirgiziń.

15-sabaq

# WORDTA FORMULALAR JAZÍW

Matematika yamasa fizika sabaqlıqlarıńızdı ashıp kórseńiz hár qıylı ańlatpa hám formulalardı kóresiz. Hár qıylı ańlatpa hám formulalardı jazıw ushın Word baǵdarlamasınıń formulalar redaktorı dep atalatuǵın múmkinshiliginen paydalanıladı.

*Gilt sózler:* **formula redaktorı, formula jaylastırıw, formulanı redaktorlaw**.

## FORMULALAR REDAKTORÍN ISKE QOSÍW

Hújjetke arnawlı belgilerdi jaylastırıw hám formatlawdıń ayırım imkaniyatları járdeminde ápiwayı formulalar jazıw múmkin. Quramalıraq formulalar jazıw ushın **Jaylastırıw** (Вставка) lentasınıń **Simvollar** (Символы) toparınan Формула (π Формула)túymesi beretuǵın imkaniyatlardan paydalanıladı. Qandayda bir formulanı jazıw ushın júrgish formula jaylastırılıwı tiyis bolǵan qatarǵa ornatıladı hám Формула (π Формула ▾) túymesi tańlanadı. Nátiyjede Место для формулы. ▾ súwrettegi sıyaqlı formula ushın orın sáwlelenedi. Al, menyuler qatarında **Formula menen islew-Konstruktor** (Работа с формулами-Конструктор) kontekst menyui hám oǵan sáykes tómendegi lenta sáwlelenedi:







Formulalar redaktorınan shıǵıw ushın tıshqannıń kórsetkishi jumıs maydanınıń bos ornına alıp kelinip, shep túymesi bir ret basıladı.

## FORMULALAR REDAKTORÍNÍŃ MÚMKINSHILIKLERI

Formulalar redaktorınıń múmkinshilikleri júdá keń. Ol bir neshe topardan ibarat bolıp hár bir topar belgili bir ámellerdiń belgileri toplamınan ibarat bólimlerge bólingen. Mısalı, hár qıylı kórinistegi **qatnas belgileri, bólshekler** hám **radikallar** belgileri, **qawsırma shablonları** usılar qatarına kiredi:

| **Simvollar** (Символы) toparında | **Strukturalar** (Структуры) toparında |
|---|---|
|  |  |
| **Strukturalar** (Структуры) toparında | **Strukturalar** (Структуры) toparında |
|  |  |
| **Strukturalar** (Структуры) toparında | |
|  | |

Usı ámeller belgilerinen paydalanıp, tómendegilerdi jazamız (ózińiz erkin túrde jazıp kóriń):

1. $12+\frac{1}{2}\le 13-x$ 2. $\left(2\frac{3}{4}\cdot 4+5\frac{1}{6}:\frac{1}{2}-10\frac{6}{9}\right)\cdot 9$ 3. $\frac{3}{4}x+\frac{1}{6}=\frac{5}{6}$

4. $\left(1\frac{3}{5}+2\frac{1}{5}\right):1\frac{9}{10}+\left(1\frac{7}{10}-\frac{4}{5}\right):\frac{3}{7}$ 5. $\left(x-1\frac{8}{9}\right)+3\frac{7}{9}=4\frac{4}{9}$

Eger jazılǵan formulada qátelik bolsa, bul formulaǵa dúzetiw kirgiziw múmkin. Bunıń ushın tıshqannıń kórsetkishi jazılǵan formulanıń ústine alıp kelinip, shep túymesi bir ret basıladı. Nátiyjede júrgish jazılǵan formula aynası ishine jaylasadı, al menyuler qatarında **Formula menen islew-Konstruktor** (Работа с формулами-Конструктор) kontekst menyui hám oǵan sáykes tómendegi lenta sáwlelenedi: Sonnan keyin júrgishti kerekli jerge tıshqan yamasa baǵıt klavishları járdeminde jaylastırıw hám qáteni dúzetiw múmkin boladı.

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Wordta formulalar qalay jazıladı?
2. Formulalar redaktorı qalay iske qosıladı? Ámelde kórsetiń.
3. Formulalar redaktorınan qalay shıǵıladı?
4. Formulalar redaktorında qanday bólimler bar?
5. Formuladaǵı qáteni dúzetiw procesin ámelde kórsetiń.
6. Formula temasında qalay háreket etiw múmkin? Ámelde kórsetiń.
7. Teksttegi formuladan nusqa qalay kóshiriledi? Ámelde kórsetiń.

## *SHİNİǴİWLAR*

1. «Formula hám ańlatpalar» atlı hújjet dúziń. Oǵan úyde tayarlaǵan formula, teńleme, teńsizlik, ańlatpa hám túsiniklerińizdi kirgiziń.
2. «Formula hám ańlatpalar» atlı hújjettiń dawamına tómendegilerdi jazıń.

a) $100-56\neq 95-48$

b) $8\frac{16}{27}-\left(x-2\frac{17}{27}\right)=8\frac{5}{27}$

d) $6\frac{1}{8}:\left(14\frac{5}{12}-3\frac{13}{24}\cdot\frac{4}{7}+\left(3\frac{11}{12}-2\frac{7}{12}\right)\right)$

e) $\sum\lambda\cdot\psi\cdot\frac{1}{\nu}$

f) $\text{baha}=\begin{cases}5, & \text{eger barlıq juwaplar durıs bolsa}\\ \neq 5, & \text{eger juwapta qáte bolsa}\end{cases}$

3. Dápterińizge «Kompyuter qurılmalar» temasın jazıń. Dawamına kompyuterdiń kiritiw hám shıǵarıw qurılmaları haqqında tekst jazıń. Tekstti keste hám figuralar járdeminde bayıtıń.

## 16-sabaq
# WORDTA HÚJJETTI BASÍP SHÍǴARÍW

Mine, tayar hújjetti qaǵazǵa shıǵarıw waqtı keldi. Ózińiz tayarlaǵan súwretler, sızılmalar hám kestelerge bay hújjetlerdiń qaǵazǵa qanday kóriniste sáwleleniwin kóriwdi qáleseńiz bul temanı tereń ózlestirip alıwıńız tiyis.

*Gilt sózler:* **hújjetti basıp shıǵarıw, printer imkaniyatı.**

Zamanagóy printerler hár qıylı usılda shıǵarıw imkaniyatına iye. Mısalı, qaǵazdıń bir betine hújjettiń bir neshe betin shıǵarıw, hújjetti búklet yamasa kitapsha kórinisinde shıǵarıw hám t.b.

Hújjetti basıp shıǵarıw parametrlerin ózgertiw ushın Fayl menyuiınıń **Basıp shıǵarıw** (Печать) bo'limi tańlanadi. Nátiyjede ekranǵa **Basıp shıǵarıw** (Печать) aynası shıǵadı. Basıp shıǵarıw aynası **Printer** (Принтер), **Betler**



(Страницы), **Nusqalar** (Копии), **Masshtab** (Масштаб), **Qamtıw** (Включить), **Basıp shıǵarıw** (Напечатать) bántlerinen ibarat.

Betler bántinde **barlıǵı** (все), **hárekettegi** (текущая), **tártip nomerleri** (номера) hám ajıratıp alınǵan bólim (выделенный фрагмент) kórsetpeleri bolıp, olardıń birewi tıshqan járdeminde tańlanadı.

**Barlıǵı** kórsetpesi tańlansa, hújjet tolıǵı menen (barlıq bet) shıǵarıladı. **Hárekettegi** kórsetpesinde hárekettegi bet (júrgish turǵan bet) shıǵarıladı. Tártip sanı kórsetpesi tańlansa, oǵan tiyisli ayna tezlesedi. Bul aynaǵa shıǵarılıwı kerek bolǵan betlerdiń tártip nomerleri jazıladı. Mısalı, oǵan 1, 3, 5-12 jazılǵan bolsa, birinshi, úshinshi hám besinshiden on ekinshige shekemgi betler shıǵarıladı. Ajıratıp alınǵan bólimniń kórsetpesin tek ǵana teksttiń qandayda bir bólimi belgilengende ǵana tańlaw múmkin. Bunday jaǵdayda hújjettiń belgilengen bólimi basıp shıǵarıladı.

Nusqalar bántinde **nusqalar sanı** (число копий) hám **nusqalar boyınsha ajıratıw** (разобрать по копиям) kórsetpeleri bar. Olar hújjet qansha nusqada hám qanday tártipte shıǵarılatuǵının kórsetedi. Qanday da bir hújjetti 3 nusqada shıǵarıw kerek bolsın. Ol jaǵdayda **nusqalar sanı** aynasına 3 sanı jazıladı. **Nusqalar boyınsha ajıratıw** kórsetpesi belgilengen bolsa, hújjettiń birinshi nusqası tolıǵı menen shıǵarıladı, keyin ekinshi nusqası, sońınan úshinshi nusqası shıǵarıladı. Eger bul kórsetpe belgilenbegen bolsa, dáslep hújjettiń birinshi beti 3 nusqada shıǵarıladı, keyin ekinshi beti 3 nusqada shıǵarıladı hám taǵı basqalar.

Masshtab bántinde qaǵazdıń bir betine hújjettiń neshe beti shıǵarılatuǵını kórsetiledi. Bunıń ushın **qaǵazdaǵı betler sanı** (число страниц на листе) aynasında usınıs etilgen 1 bet (1 страница), 2 bet (2 страницы), 4 bet (4 страницы) hám basqa da kórsetpelerden biri tańlanadı.

Qamtıw bántinde barlıq betler (Все страницы диапазона), **taq sanlı betler** (Нечетные страницы), **jup sanlı betler** (Четные страницы) kórsetpelerinen biri tańlanadı. **Barlıq betler** kórsetpesi tańlansa, hújjet yamasa onıń belgilengen bólimi tolıǵı menen qaǵazǵa basıp shıǵarıladı. **Taq sanlı betler** kórsetpesi tańlansa, hújjettiń tek taq sanlı betleri shıǵarıladı. Jup sanlı betler kórsetpesi tańlansa, hújjettiń tek jup sanlı betleri shıǵarıladı.

Printer bántinde printer haqqında maǵlıwmat hámde **Ózgeshelikler** (Свойства) túymesi bar. Tıshqan járdeminde **Ózgeshelikler** túymesi basılsa,

ekranda printerdiń ózgeshelikleri teması ashıladı. Sonı da aytıw kerek, printerlerdiń túrine qarap olardıń ózgeshelikleri de hár qıylı boladı. Sonlıqtan ózgeshelikler temasınıń kóriniwi hám ondağı mağlıwmatlar da hár qıylı boladı.

Printerler hár qıylı ózgesheliklerge iye bolıp, tómende biz olardıń hújjetti kitapsha formasında shığarıw ózgesheligi menen tanısamız. Barlıq printerler de bunday ózgeshelikke iye emes ekenligin atap ótiwimiz kerek. Sol sebepli kitapsha formasında shığarıw ózgesheligin **«HP LaserJet 1300»** markalı printer mısalında kóremiz. Bul printerdiń ózgeshelikleri teması tómendegi súwrette keltirilgen. Tema bir neshe bólimnen ibarat bolıp, hújjetti kitapsha formasında shığarıw ushın **Juwmaqlawshı qayta islew** (Оконч. обработка) bólimine kiriledi.

Ondağı Hújjet parametrleri (Параметры документа) bántinen Eki tárepine basıp shığarıw (Печать на обоих сторонах) kórsetpesi tańlanadı. Buklet maketinde (Макет буклета) usınıs etilgen kórsetpelerden **Shep tárepten muqabalaw** (Переплет по левому краю) kórsetpesi tańlanadı. OK túymesi basılsa, jáne



Basıp shıǵarıw  temasına qaytıladı. Bul temadaǵı OK túymesi basılsa hújjet basıp shıǵarıla baslaydı. Dáslep hújjettiń bir bólimi (yarımı) qaǵazdıń bir tárepine shıǵarıladı. Shıǵarılǵan qaǵazlardıń tártibin buzbaǵan jaǵdayda jáne printerge salınsa, hújjettiń qalǵan bólimi qaǵazdıń artqı tárepine shıǵarıladı. Shıǵarıp bolınǵan qaǵazdıń betlerin tegislep, ekige búkleseńiz kitapsha payda boladı.

Hújjetti kitapsha formasında shıǵarıwda talapqa qaray, oń tárepten yamasa joqarıdan muqabalaw da múmkin. Bunıń ushın buklet maketinde tiyisli kórsetpe tańlanadı.

## *SORAW HÁM TAPSİRMALAR*

1. Qaysı túyme járdeminde hújjetti basıp shıǵarıw múmkin?
2. Hújjettiń hárekettegi betin basıp shıǵarıw qalay ámelge asırıladı?
3. Hújjettiń izbe-iz kelmegen bir neshe betin birge basıp shıǵarıw múmkin be?
4. Hújjettiń tek belgilengen bólimin basıp shıǵarıw qalay ámelge asırıladı?
5. Hújjettiń tek jup tártip nomerli betlerin basıp shıǵarıw qalay ámelge asırıladı?
6. Hújjettiń tek taq tártip nomerli betlerin basıp shıǵarıw qalay ámelge asırıladı.
7. Hújjetti kitap formasında basıp shıǵarıw ushın orınlanatuǵın ámellerdiń izbe-izligin aytıp beriń.

## *SHİNİǴİWLAR*

1. Tómendegi hújjetlerden birewin 2 nusqada basıp shıǵarıń.
a) «Meniń Watanım — Ózbekistan»;
b) «Biziń shańaraq»;
d) «Ómirbayan2».
2. Eki betlik qandayda bir hújjetti eki tárepleme basıp shıǵarıw usılınan paydalanıp, qaǵazdıń eki tárepine basıp shıǵarıń.
3. Bilimińizdi tákirarlaw hám bekkemlew ushın jıl dawamında alǵan maǵlıwmatlarıńızdı Word programması beretuǵın imkaniyatlar (kesteler, tekstlerdiń hár qıylı kórinisleri, sızılmalar hám t.b.) kórinisinde dápterińizde sáwlelendiriń.

17-sabaq

# TÁKIRARLAWǴA TIYISLI TAPSÍRMALAR

Áziz oqıwshılar! Jıl dawamında ámeliy jumıs barısında júdá keń qollanılatuǵın tekst processorı menen isledińiz. Endi ótken dáwir ishinde alǵan bilimlerińiz hám ámeliy kónlikpelerińizdi sınap kóriw waqtı keldi.

Tómende berilgen sorawlarǵa juwap beriń.

1. Tekst redaktorları hám tekst processorları nesi menen parıqlanadı?
2. Qanday tekst redaktorların bilesiz?
3. Qanday tekst processorların bilesiz?
4. Tekst processorları qanday imkaniyatlarǵa iye?
5. Hújjet redaktorlanǵannan soń ol qalay saqlanadı?
6. Blok degende neni túsinesiz?
7. Tekstte belgilengen qanday da bir bólim qalay ataladı?
8. Teksttegi artıqsha belgiler qalay óshiriledi?
9. Teksttegi bir neshe qatarlar qalay óshiriledi?
10. Word tekst processorında sızılǵan tórtmúyeshliktiń ishki bólimin boyaw qalay ámelge asırıladı?
11. Word tekst processorında sızılǵan oval figurası sızıǵın hám ishki bólimin boyaw ushın qanday ámeller orınlanadı?

Tómendegi keltirilgen tapsırmalardı orınlań.

1. Teksttegi qanday da bir sóz yamasa qatardı basqa qatarǵa kóshiriw procesin mısallarda kórsetiń.
2. Teksttiń belgilengen bóliminen nusqa kóshiriwdi mısallar járdeminde túsindiriń.
3. Teksttiń belgilengen bólimin formatlawdı mısallar járdeminde túsindirip beriń.
4. Hújjette kompyuter bólmesiniń bir diywalın úskenelewdi Wordttıń imkaniyatlarınan paydalanıp kórsetiń.
5. Tábiyat kórinisin kórsetetuǵın súwret sızıń.
6. Word imkaniyatlarınan paydalanıp tómendegi hújjetti tayarlań.

1-tapsırma.




2-tapsırma.



**MAZMUNÍ**

Sóz bası........................................................................................3
1-sabaq. Tekst redaktorları ...........................................................4
2-sabaq. MS Word tekst processorı interfeysi ..............................8
3-sabaq. Hújjet payda etiw hám saqlaw .......................................14
4-sabaq. Wordta tekst jazıw qaǵıydaları .......................................19
5-sabaq. Hújjetlerdiń tiykarǵı parametrleri ...................................24
6-sabaq. Hújjetlerdi redaktorlaw....................................................30
7-sabaq. Hújjetti formatlaw ...........................................................35
8-sabaq. Hújjetti redaktorlaw hám formatlawǵa tiyisli shınıǵıwlar...........40
9-sabaq. Hújjetlerde súwretler menen islew .................................42
10-sabaq. Hújjetlerde figuralar hám sızılmalar..............................48
11-sabaq. Súwret hám sızılmalarǵa tiyisli ámeliy sabaq..................54
12-sabaq. Hújjetlerde kesteler menen islew.....................................55
13-sabaq. Kesteler ústinde ámeller..................................................61
14-sabaq. WordART obyekti ...........................................................65
15-sabaq. Wordta formulalar jazıw..................................................69
16-sabaq. Wordta hújjetti basıp shıǵarıw .........................................72
17-sabaq. Tákirarlawǵa tiyisli tapsırmalar........................................76

**Informatika hám xabar texnologiyaları:** ulıwma orta bilim beriw mekteplerinińi 6-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq/ B. Boltayev, M. Mahkamov, A. Azamatov, S. Rahmonqulova. – T.: «O‘zbekiston» BPDÚ, 2017. – 80 b.

I-74

I. Boltayev B.

ISBN 978-9943-01-436-7

**UO‘K 004(075)**
**KBK 32.81ya72**

*O‘quv nashri*

**Bahodir Boltayev, Muxtor Mahkamov,**
**Axat Azamatov, Sayyora Rahmonqulova**

# INFORMATIKA
## VA
## AXBOROT TEXNOLOGIYALARI

*Ta’lim qoraqalpoq tilida olib boriladigan umumiy o‘rta ta’lim maktablarining 6-sinf o‘quvchilari uchun darslik*

*Qayta ishlangan, to‘ldirilgan uchinchi nashri*

Ózbek tilinen awdarǵan – R. Abbazov

Redaktorı G. Pirnazarova
Operatorı A. Jarimbetov

Original-maket «Qaraqalpaqstan» baspasında tayarlandı.
230100, Nókis, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9
Baspa litcenziyası Al №114. 30.09.2008

Baspa litcenziyası AI № 158. 14.08.2009.
Basıwǵa 2017-jıl 28-iyulda ruqsat etildi. Formatı $70\times100^{1}/_{16}$. Ofset qaǵazı.
Tip «Tayms» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kegli 11,5; 10.
Kólemi 5,0 b/t., 6,45 shártli b/t., 6,43 esap b/t. Nusqası 11 171 dana. Buyırtpa №17-275.

Ózbekistan Baspa sóz hám xabar agentliginiń
«O‘zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi.
100011. Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.

Telefon: (371) 244-87-55, 244-87-20. Faks: (371) 244-37-81, 244-38-10.
*e-mail: uzbekistan@iptd-uzbekistan.uz,*
www.*iptd-uzbekistan.uz*

**Sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegishe bahalawǵa muwapıq toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| **Jańa** | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
| **Jaqsı** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| **Qanaatlanarlı** | Muqaba jazılǵan, bir qansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| **Qanaatlandırmaydı** | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlanarsız ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |